АБОН– УÆЛАХИЗЫ БОН!

Æппæт бæстæты пролетартæ, бану ут!

РÆСТДЗИНАД

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы æмæ Министрты Советы органæн
Орган Северо-Осетинского обкома КПСС, Верховного Совета и Совета Министров Северо-Осетинской АССР

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы

1990
МАЙ–
Зæрдæвæрæны
мæй
9

ÆРТЫЦЦÆГ
№ 89 (17771)

Аргъ 3 кап.

ССР ЦÆДИСЫ ХЪЛ ХЪХЪÆНЫНАДЫ МИНИСТРЫ
БАРДЗЫРД

УЫДОН ÆХСЫСТОЙ УÆЛАХИЗ

ФЕМБÆЛД КРЕМЛЫ ХÆСТЫ, ФÆЛЛОЙЫ ÆМÆ ССР ЦÆДИСЫГÆРЗИФТОНГ ТЫХТЫ ВЕТЕРАНТИМÆ

Азты бон ацу сæрибарад, кад æмæ хæдзардзинад бахъахъхъæнæг Советон адæмы цытджын æмæ тынг зын лæгдзинад роҳуаты баззайын кæнын. Махæн æнустæм арфæйаг уыдзæсты, фронты, хæцæнгарз сæ къухты, афтæмæй, стæй фæсчъылдым Уæлахиз чи ахсыста, уыдон.

Ныр æрыгон бал сты, æппын ницы, фæлæ хæсты фæстаг гæрæхтæй нырмæ рацыд фондз æмæ дыууиссæдз азы. Фæлæ, 7 майы Кремлмæ фембæлдмæ хуынды гæххæттытæ райсгæйæ, уыдон цыма æрыгондæр фесты, бæрæгбоны æфсæддон дзаума скæнгæйæ. Æмбæлгæ сæрыстырдзинадимæ сæ рынчын бакодтой хæстон хæрзиуджыты бирæ рæнхъытæ, хъæбатырты Сыгъзæрин Стъалытæ æмæ намысы стъалытæ.

Кусæг президиумы М. С. Горбачевимæ, СЦКП-йы ЦК-йы Политбюройы уæнгтимæ, ССР Цæдисы Президентон советы уæнгтимæ нумæ сты хæсты æмбисонды хъæбатыртæ, советон хæстон разамонджытæ.

Фембæлд байгом кодта М. С. Горбачев. Уый загъта:

Æмбæлттæ, ам. партийы Центрон Комитеты, Кремлы зæрдæбын арæзт кæнын Советон Цæдисы Хъæбатыртæн, намысы ордены æххæст кавалертæн, хæсты æмæ фæллойы ветерантæн. Советон Гæрзифтонг Тыхты æмæ фæллойады министерствæн ныр-дзинад бæрæгбон — Уæлахизы боны фæдыл.

Арфæ уын кæнын æй ма мæ фæндид зынаргъ æмбæлттæ, сымахæн зе 'ппæтæн дæр, Уæлахиз фæдисдзыхæ æмæ бынæй кæмæн базад, уыдонæн уыцы бæрæг-боны фæдыл арфæ ракæнын.

Советон адæм сæ сæр къул кæнынц, фронты уæздæнтæ æмæ уæззау азты фæсчъылдым хъæбатыр рæй дæр, мæгуырæй дæр, стæй йыл цы дзураем, — бæллæхтæ дæр Уыдоны хъæбатыр фæллойæ арæзт æрцыд, бирæ цæмæйдæрты æппæт дунейы хъысмæттыл тынг чи зыны, ахæм домбай паддзахад. Советон адæмы æнæ уыцы фæлтæры сгуыхтдзинадæй, Цытджын Уæлахизмæ сæ егъау хайæ цæстытыл зын ауайынгæнæн у, абон махæн не 'хсæнады рæзты ацы къæпхæныл социализмы хъару раргом кæныны фæндæгтыл революцион рацарæзтыты, адæймагуарзон демократон æхсæнадмæ размæцыды фæндагыл нæ размæ ахæм стыр хæстæ æвæрæм, уый. Зынаргъ аргъ бафыстам нæ Уæлахизыл.

Ссарæм, уыцы æвирхъау хæсты чи фæмард, уыдоны æмæ фæсчъылдым уæззау фæллойы йæ цард кæмæн аскъуыд, уыдоны нæмттæ. Сæ ном сын ссарæм минут æнæдзургæйæ алæугæйæ.

(Иууылдæр сыстадысты. Минут нæ дзурынц).

Хæсты азты цытджын адæмон сгуыхтдзинад мыггагмæ баззайдзæн советон адæмы æппæт фæлтæрты зæрдæты æмæ хъуыддæгты.

Зынаргъ æмбæлттæ, райсом уыдзæн кадджын æмбырд Цытджын Уæлахизы 45 азы боны фæдыл. Махæн æхсызгон уыдзæн уыцы æмбырды ветераны фенын æмæ сын æппæт адæмы номæй арфæ ракæнын. Абон та ма 'мæ фæрнæй нодæр ацы хатт зæрдæбын арфæ ракæнын, æппæт адæмы номæй уын-ноджыдæр ацы хатт тæккæ зæрдиагдæр бузныг зæгъын. Æмæ æз уый нымайын ныры фæлтæрты тæккæ стырдæр хæсыл, афтæ мæм кæсы, æмæ ахæм у не 'хсæнады æппæт сыгъдæгзæрдæ адæмы хъуыды.

Ацы боны хæсты ветераитæм, фронты уæвдидытæм фæсчъылдым Уæлахиз чи цæттæ кодта, уыдонмæ не ссарæм, уыцы æвирхъау хæсты чи фæмард, уыдоны æмæ фæсчъылдым уæззау фæллойы йæ цард кæмæн аскъуыд, уыдоны нæмттæ. Сæ ном сын ссарæм минут æнæдзургæйæ алæугæйæ.

(Иууылдæр сыстадысты. Минут нæ дзурынц).

Хæсты азты цытджын адæмон сгуыхтдзинад мыггагмæ баззайдзæн советон адæмы æппæт фæлтæрты зæрдæты æмæ хъуыддæгты.

Зынаргъ æмбæлттæ, райсом уыдзæн кадджын æмбырд Цытджын Уæлахизы 45 азы боны фæдыл. Махæн æхсызгон уыдзæн уыцы æмбырды ветераны фенын æмæ сын æппæт адæмы номæй арфæ ракæнын. Абон та ма 'мæ фæрнæй нодæр ацы хатт зæрдæбын арфæ ракæнын, æппæт адæмы номæй уын-ноджыдæр ацы хатт тæккæ зæрдиагдæр бузныг зæгъын. Æмæ æз уый нымайын ныры фæлтæрты тæккæ стырдæр хæсыл, афтæ мæм кæсы, æмæ ахæм у не 'хсæнады æппæт сыгъдæгзæрдæ адæмы хъуыды.

Ацы боны хæсты ветераитæм, фронты уæвдидытæм фæсчъылдым Уæлахиз чи цæттæ кодта, уыдонмæ не

абоны хъуыддæгты тынг тыхджын æмæ ахсджиаг адæймагон фæрæз — ветераны хъуыдытæ, цæстæнгæстæ. Мæ зæрдæ уын зæгъы тынг фидар æнæниздзинад, ноджыдæр ма бирæ азты дæргъы, цæмæй ма мах сæмбæлæм æмæ сбæрæг кæнæм Цытджын Уæлахизы 50-æм азы бон æмæ баныхас кæнæм, дарддæр цы гæнгæ у, уый тыххæй **(Къухæмдзæгъд)**.

Ветерантимæ фембæлд нымад æрцыд гомыл. Раныхас кодтой Советон Цæдисы Маршæл **В. Г. Куликов**, тамбоваг аҳуыргæнæг. Намысы æртæ ордены кавалер **Н. В. Попов**, хæсты æмæ фæллойы Мæскуыйы облæсты Советы сæрдар, ССР Цæдисы адæмон депутат **В. Я. Азаров**, хæсты æмæ фæллойы латвиаг республикон Советы сæрдар **В. М. Круминьш**, Советон Цæдисы Хъæбатыр, Уæлахизы Парады архайæг **М. И. Долина**, «Уралмаш»-ы куырд **П. Л. Олейников**, раздæры партизан, отставкæйы булкъон, ветераны Витебскы облæстон Советы сæрдар **С. М. Шабашов**, хæсты æмæ фæллойы Киргизийы республикон Советы сæрдар, Советон Цæдисы Хъæбатыр, отставкæйы инæлар-лейтенант **К. Усенбеков**, ССР Цæдисы адæмон артисткæ **Л. Г. Зыкина**, запасы советон хæстонты, хæстойты-интернационалисты, хъахъхъæнынадон патриотон цæдисты æппæтцæдисон нуҳоллы сæрдары хæдивæг **С. Морозов**, хæсты ветераны Советон Комитеты Вильнюсы хайады сæрдар **К. К. Гаурилюс**, пенсионæрты, хæсты æмæ фæллойы ветераны фæллойадон архайды фæдыл къамисы сæрдар **Н. А. Горбунова**, хæсты ветераны Советон Комитеты Одессæйы хайады президиумы уæнг **П. И. Державин**, Социалистон Фæллойы Хъæбатыр, Паддзахадон премийы лауреат, танкты ветераны ныстуантæ æмæ домæнтæ цы сты, уый. Нæ бон у хицæн ныхæстыл разы уæвын, иннæтыл разы нæ уæвын, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, æппæт ныхас афтæ ахсджиаг у, æмæ йæ хъуамæ фехъуса бæстæ.

Мах æнкъарæм сагъæс бæстæйы хъысмæттыл, нæ паддзахады фидæныл. Æмæ æз æмбарын, уыцы сагъæсыл размæсхойæнтæ кæй æфты нæ ацы бонты. Мах æхсæнад фæногдæр кæныныл егъау куыст куы кæнæм, социализмыл, зæгъæм афтæ, дыккаг улæфт бафтауыныл куы архайæм, уыцы бирæвæрсыг, зын, вазыгджын бонты. Цæмæй, советон адæмы æппæт фæлтæртæ дæр цы сарæзтой, уыдæттыл æнцайгæйæ, рахизæм нæ бирæнацион паддзахады рæзты уæрæх фæндагмæ.

Мах афтæ хъуамæ бакæнæм, уый æмбаргæйæ, æмæ æнæмæнг хъæуы бæстæйæн йæхи, нæ адæмы, дунейы рацарæзты æнтыстдзинад кæй ис уым, цæмæй мах, нæ фæндагыл цыдæриддæр фембæлдис, уыдоны сæрты ахиҳгæйæ, цы фарстатæ бамбырд, уыдон алыг кæнгæйæ, нæ бон дарддæр уæвын уа сабыр рацарæзты зæрдæдарæн, нæ адæмы зæрдæйыуаг, гæнæнтæ, социалистон хъуыды æмæ æнусты дæргъы кæуыл фæллой кæны, уыцы зæххыл йæ иузæрдиондзинад ыи зонгæйæ.

Ноджыдæр ма мæ иу хатт

баръæм бæстæйы разамынды бæрнондзинад ууыл, цæмæй ацы зæххыл, рацарæзтмæ гæсгæ, рацарæзты фæндæгтыл егъауæй арæзт цыдæриддæр æрцыд, уыдæттæ æрцæуой хъахъхъæд æмæ сыл бафтауæм. Уый афтæ нæ амоны, æмæ мах хъуамæ ма ссæрибар уæм, парахатæй нæ удæфын чи нæ уагъта æмæ ныи дарҳ санчъехтæй цæуыны фадат чи нæ дæ. тæ. Нырмах æнцайæм хорвардта, æппæт уыдæттæй, Мах хъуамæ æппæт дæр ба-

дæр нырыккон цивилизацийы рæзтмæ йæ хай цæмæй хæсса, уый тыххæй йæ цы кæнын хъæуы, уый. Мæнмæ гæсгæ, мах ныртæккæ фестæм зонддзындæр. Уыцы азты дæргъы, махæн нæ бон сразы уæвын цæнмæ нæу, цы хъуамæ фесафæм ахæмæй бирæ кæй фæзынд, уымæ гæсгæ Фыдыбæстæйыл сагъæс тыхджындæр кæны нæ архайд, тох рацарæзты политикæ æххæст кæныны æппæт фæндæгтыл.

Ныртæккæйы рæстæг, æвæццгæн, хицæн кæны уымæй, æмæ мах æнгом бацыдыстæм тынг æцæг егъау санчъехтæм, уынмæ экономикæйы къабазы дæр: зæгъыиц нын, ну цæмдæр батагъд кодтам, иннæйы цæуыллæр афæстиат стæм. Чи зоны, æппæт уыдæттæ раст сты, алцыдæр хицæнæй куы нсай, уæд. Фæлæ 1985 азмæ, стæй уыйфæстæйы азтæм дæр куы раздæхæм, уæд æз хъуамæ зæгъон: мах хæс уыдис бирæ цыдæртæ бамбарын. Стæй канд разамынды нæ, канд наукон фæлтæрты нæ, фæлæ æхсæнады дæр. Æдæппæтæй дыуæ-æртæ азы размæ æрмæст дыууæ куыстуаты рахызтыстæ хæдзарадон хыгъдмæ æмæ хиуынаффæйадмæ. Уыдоны бафæсмыдтой æртæ кæнæ фонда министрады, стæй уæд нæ экономикæйы æмбис æрлæууыд хæдзарадон хыгъды æмæ экономикон парды ног хуызтæй пайда кæ-

ССР ЦÆДИСЫ ХЪА ХЪХЪÆНЫНАДЫ МИНИСТРЫ

БАРДЗЫРД

1990 аз 9 май — № 150 — г. Мæскуы

Æмбæлттæ салдæттæ æмæ матростæ, сержанттæ æмæ старшинатæ, прапорщиктæ æмæ мичмæнтæ, афицертæ, инæлартæ æмæ адмиралтæ!

Æмбæлттæ хæсты, фæллойы æмæ ССР Цæдисы Гæрзифтонг Тыхты ветерантæ!

Абон нæ Райгуырæн бæстæ, æппæт прогрессивон адæмтæ бæрæг кæнынц Фыдыбæстæйы Стыр хæсты советон адæмы фæуæлахизы 45-æм азы бон.

Гермайнаг фашизм Советон Цæдисы тыххæй кæм бацæуын кодта, уыцы хæсты лыгонд цыдысты дунейы фыццаг социалистон паддзахады, дунеон цивилизацийы хъысмæттæ.

Советон адæм æмæ йæ хъæбатыр Гæрзифтонг Тыхтæ Коммунистон партийы разамындæй ныффалгæрон кодтой фашистон Герман, æрбалæвурæгимæ хъæддых тохы бахъахъхъæдтой сæ Фыдыбæстæйы сæрибарад æмæ хæдбардзинад, сæрибарад æрхастой Европæйы адæмтæн.

Хæсты уæлахиз къухы бафтыд тохы быдырты советон хæстоны лæгдзинады, хæстон арæхстдзинад æмæ хъæбатырдзинады, фронты фале партизанты æмæ сусæгкуыстгæнджыты хъæбатыр тохы, фæсчъылдымы кусджыты æрвылбоны фæллойадон сгуыхтдзинады, Гитлеры ныхмæ цæдисы æмæ фашизмы ныхмæ змæлды нумæйаг архайды фæрцы. Райгуырæн бæстæ — Мад никуы ферох кæндзæн йе 'уæхсчытыл хæсты тызмæг фæлварæнтæ фæхæссæг советон адæмы фæлтæры патриотон хъуыддæгтæ. Комкоммæ уыдон æрхастой Уæлахиз бæстæйæн,

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты бирæ фылдæр фесты Советон Гæрзифтонг Тыхты хъæбатыр æгъдæуттæ. Тыхджын æмæ мæнгард внагимæ ныхæй-ныхмæ тохы уыдон бæлвырд равдыстой фыдыбæстæйаг хæцæнгарзы, советон хæстон разамынды æнæмæнг хуыздæрдзинад, дунейæн равдыстой æхсары, удуæлдайдзинады æмæ адæймагуарзондзинады фæзминаг дæнцæттæ.

Абон æфсæддон æмæ флоты рæнхъыты службæ кæныинц фронты хæцджыты фырттæ æмæ цоты цот. Уыдон акках хуызы дарддæр хæссынц, хистæр фæлтæртæй кæй райстой, æфсæддон хæсыл уыцы нузæрдиондзинады эстафетæ. Уыцы нузæрдиондзинады, Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнæг фæлтæрты æнæфæхицæнгæнгæ бастдзинады цæры нæ Уæлахиз!

Æппæт советон адæмау, Æфсад æмæ Флоты хæстонтæ зæрдиагæй архайынц рацарæзты, социализм фæногдæр кæныны практикон хæстæ æххæст кæныны хъуыддадмы. Æхсæнады цы политикон, экономикон, бардон рацарæзтытæ цæуы, уыдонимæ æнгом бастæй цæуынц хъахъхъæнынадон хæстон доктринæйы домæнты, хъæугæ бæрцы уагæвæрды аккаг ивддзинæдтæ хъахъхъæнынадон арæзтады, Гæрзифтонг Тыхты равæрды, цæттæ кæныны фарстаты, уыдон сты арф æфсæддон рацарæзты хæйттæ.

ССР Цæдисы рацарæзты хъуыддæгты фæрцы æмæ хорзырдæм кæй ахадынц, уый фæрцы хорз ивддзинæдтæ цæуы дунейы мидæг. Лæмæгъдæр кæны хæстон ныхлæууддзинады уавæр. Парахат кæны политикон ныхас. Бæлвырдæй-бæлвырддæр мидис цæуы ныхасы. Фæлæ уæддæр нырма хорз фенкъуыстыты фæстæмæ нæрæдæхгæ мидис нæма бацыд. Дунейы ма ис хæстон тасдзинад. Историйы зондыхостæ нын нæ зæрдыл лæууын кæныинц, тынг къæрцхъус уæвын кæй хъæуы. Бæстæйы зæрдæдаргæ хъахъхъæнынхъомдзинад ныр дæр у Советон паддзахады, не 'ппæт адæмы ахсджиагдæр хæстæй ну. Уыцы хæс сæхæст кæныныл уæлдай стыр бæрнондзинад æвæрд цæуы ССР Цæдисы Гæрзифтонг Тыхтыл.

Сæ патриотон æмæ интернационалон хæсыл нузæрдион уæвгæйæ, советон хæстонтæ къæрцхъусæй хъахъхъæныинц сæ адæмы сфæлдыстадон фæллой, социализмы хъуыддаг æмæ зæххыл сабырдзинад.

Арфæ кæнын Æфсады æмæ Флоты хæстонтæн, хæсты, фæллойы æмæ Гæрзифтонг Тыхты ветерантæн Цытджын Уæлахизы бæрæгбоны фæдыл.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты советон адæмы фæуæлахизы 45 азы бон сбæрæг кæныны тыххæй **бардзырд дæттын:**

Абон, 1990 азы 9 мачы, бынæттон рæстæгмæ гæсгæ 22 сахатыл бæрæгбоны артиллерион салют лæвæрд æрцæуæд нæ Райгуырæн бæстæйы сæйраг горæт — горæт-хъæбатыр Мæскуыйы, цæдисон республикæты сæйраг горæтты, горæттæ-хъæбатыртæ Ленинграды, Волгограды, Одессæйы, Севастополы, Новороссийскы, Керчы, Тулæйы, Смоленскы, Мурмæнскы, фидар-хъæбатыр Брестыл, стæй горæттæ Калининграды, Львовы, Ростов-Доны, Куйбышевы, Свердловскы, Новосибирскы, Читайы, Хабаровскы, Владивосточы æмæ Североморскы дæс æмæ ссæдз артиллерион æмæхстæй.

Æнусон намыс Райгуырæн бæстæйы сæрибарад æмæ хæдбардзинады сæраппонд тохы фæмардуæвæг хъæбатыртæн!

Æгас цæуæнт хъæбатыр советон адæм æмæ се 'хсарджын Гæрзифтонг Тыхтæ!

ССР Цæдисы хъахъхъæныинды министр, Советон Цæдисы Маршал Д. ЯЗОВ.

Зынаргъ æмбæлттæ, райсом уыдæн калдæуын æмбырд Цытджын Уæлахизы 45 азы боны фæдыл. Махæн æхсызгон уыдзæн уыцы æмбырды ветеранты фенын æмæ сын æппæт адæмы номæй арфæ ракæнын. Абонта-ма мæ фæндил ноджыдæр ну хатт зæрдæбын арфæ ракæнын, æппæт адæмы номæй уын ноджыдæр ну хатт тæккæ зæрдиагдæр бузныг зæгъын. Æмæ æз уый нымайын ныры фæлтæрты тæккæ стырдæр хæсыл, афтæ мæм кæсы, æмæ ахæм у не 'хсæнады æппæт сыгъдæгзæрдæ адæмы хъуыды.

Ацы бонты хæсты ветерантæм, фронты уæвджытæм фæсчъылдым Уæлахиз чи цæттæ кодта, уыдонмæ не 'ргом æмæ не 'нкъарæнтæ здахгæйæ, мах зæгъæм: сымах сгуыхтдзинæдтæ, хæсыл сымах нузæрдиондзинад, сымах патриотизм фæзминагсты, абон рацарæзты историон хæстæ чи æххæст кæны, уыдонæн. Бузныг уын зæгъын æппæт уыцы хъуыддæгты уæ зæрдиаг архайды тыххæй. Мах зонæм уый, зонæм ветеранты фидар граждайнаг цæстæнгас. Уыдонæн æппæт æфсæнттæ дæр ис сæ цæстæнгас не 'хсæнады алы уæнгмæ, алы гражданинмæ, бæстæйы разамындмæ хæццæ кæнынæн, уымæн æмæ сын ис уымæн æппæт бартæ дæр..

Мæнмæ гæсгæ, уый у нæ фембæлд, загъта уый. Мæ зæрдæ дарын уыл, æмæ махæн не 'ппæтæн дæр æхсызгон у, цытджын бæрæгбон — фашистон Германы фæуæлахизы 45-æм азы боны агъоммæ кæй уыдис, уый. Мах ам фехъуыстам бирæ ахсджиаг хъуыдытæ. Мах æнкъарæм, уый æмбаргæйæ, æмæ æнæмæнг хъæуы бæстæйæн йæхи, нæ адæмы, дунейы рацарæзты æнтыстдзинад кæй ис уым, цæмæй мах, нæ фæндагыл цыдæриддæр фембæлдис, уыдоны сæрты ахизгæйæ, цы фарстатæ бамбырд, уыдон алыг кæнгæйæ, нæ бон дарддæр уæвыи уа сабыр рацарæзты зæрдæдарæн, нæ адæмы зæрдæйыаг, гæнæнтæ, социалистон хъуыды æмæ æнусты дæргъы кæуыл фæлдой кæны, уыцы зæххыл йæ нузæрдиондзинад ын зонгæйæ.

Ноджыдæр ма мæ ну хатт зæгъын фæндыл, мах кæй æмбарæм бæстæйы разамынды бæрнондзинад уыыл, цæмæй ацы зæххыл, рацарæзтмæ гæсгæ, рацарæзты фæндæгтыл егъауæй арæзт цыдæриддæр æрцыд, уыдæттæ æрцæуой хъахъхъæд æмæ сыл бафтауæм. Уый афтæ нæ амоны, æмæ мах хъуамæ мæ ссæрибар уæм, парахатæй нæ улæфын чи нæ уагъта æмæ ныи дарæ санчъехтæй цæуыны фадат чи нæ лæвæрдта, æппæт уыдæттæй. Мах хъуамæ æппæт дæр бакæнæм, цæмæй, йæхи историйы, адæмты историйы афтæ бирæ чи сарæзта, уыцы адæмæн сæ бон уа сабырæй цæрын æмæ фæллой кæнын, адæймаджы царды, адæймагуарзон хæзнатæ æппæтæй уæлдæр æвæрд кæм сты, ахæм демократон æхсæнады æууæлты. Ныртæккæ, кæй зæгъын æй хъæуы, махыл скодта, чи зоны æмæ тæккæ зынджер рæстæг. Ахицæн сты парахат ныхасы, лыгтæнинаг фарстатæм, не 'ппæт историмæ кæсыны астæ. Уый фæрцы мах хуыздæр зонæм нæхи, нæ истори æмæ хуыздæр зонæм, домбай бæстæ амæй фæстæмæ кæсыны фæндагыл. Æппæт уыдæттæ рацæрыи куы хъуыд, æппæт дæр бамбарын! Уыдон сты бынтон æндæр цæстæнгæстæ æмæ хъуамæ зæгъон, мах кæй федтам, бирæ цыдæртæ нæ анвын хъæуы, уый. Махæн раздæр нæ бон нæ уыд, ныртæккæ кæй рахастам, ахæм уынаффæтæ рахæссын, уымæи æмæ уыдон уыдаиккой æнахъуыдыгонд, æдзæттæ уынаффæтæ. Ныр мах æнцайæм хорз фæлтæрддзинадыл дæр æмæ, нывæфтыд ныхæстæй дзургæйæ, рæдыдтытыл дæр æнцайгæйæ. Ныртæккæ, фæлтæрддзинад нæм куы бамбырд, экономикæйы фарстаты — зæххы тыххæй, арендæйы тыххæй, кооперацийы тыххæй, фиддонтæ æмæ бирæ æндæр цæйдæрты тыххæй стыр уынаффæтæ куы рахастам, уæд нæ бон у экономикæйы цæхгæр фæзылды хæс бындуронæй æвæрын.

Бирæ фарстатæ сæвзæрд нациты 'хсæн ахастдзинæдты, бирæнацион паддзахады рæсты. О, фæлтæрты хъарутæй арæзт æрцыд, бирæ

(Кæрон 2 фарсыл).

КАДДЖЫН ÆМБЫРД ОРДЖОНИКИДЗЕЙЫ

Знон Цæгат Ирыстоны драмон театры СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомæн, республикæйы Сæйраг Совет æмæ Министрты Советæн уыд æмбырд 1941—1945 азты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты советон адæмы Уæлахизы 45 азы кадæн. Æмбырды уыдысты хæсты, фæллойы æмæ Гæрзифтонг Тыхты ветерантæ, Орджоникидзейы гарнизоны дæлхайæдты минæвæрттæ, партион, советон æмæ æхсæнадон организацийты, фæллойадон коллективты минæвæрттæ.

Президиумы — СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы бюройы уæнгтæ, кадджын уаджытæ: отставкæйы инæлар булкъон Цоколаты Э. В. Советон Цæдисы Хъæбатыр отставкæйы инæлар-лейтенант А. С. Мнацаканов, инæлар лейтенант отставкæйы Гацолаты В. А., юстицийы инæлар-майор Цæллагты Б. В инæлар-майортæ Цæголты К. М. æмæ Таболты С. Д., Советон Цæдисы Хъæбатыр, отставкæйы булкъон А. А. Бондарь, Советон Цæдисы Хъæбатыр, отставкæйы булкъон Козаты А. Б., Советон Цæдисы Хъæбатыр, отставкæйы булкъон Г. В. Пасынков, Советон Цæдисы Хъæбатыр Къозонты С. Д. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветерантæ, куыстады раззагдæртæ.

Æмбырд цыбыр раныхасæй байгом кодта Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдар Хетæгкаты С. В.

1941—1945 азты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты советон адæмы Уæлахизы 45 азы фæдыл доклад скодта Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы сæрдар СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь Галазты Æ. Х. (доклад мыхуыргонд уыдзæн газеты хæстæгдæр номыртæй иуы).

Æмбырды кадджын хайы фæстæ уыд бæрæгбоны концерт.

КЪАМТЫ: доклад кæны Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы сæрдар, СЦКП-йы обкомы фыццаг секретарь ГАЛАЗТЫ Æ. Х., æмбырды архайджытæ.

1945

ÆВДИСÆНТÆ

● Фыдыбæстæйы Стыр хæст уыдис Советон адæмы историйы тæккæ уæззаудæр фæлварæн.

● 1941 азы июны Гæрзифтонг Тыхты уыдис 5373 мин адæймаджы, 67 мин сармадзанæй æмæ минометæй фылдæр, 1861 танк æмæ ног хуызы 2700 хæдтæхæгæй фылдæр, сæйраг къласы 276 хæстон науы. Ныгуылæн арæнтæм хæстæг округты æфсæдтæм немыцæй уыдис фылдæр танктæ æмæ хæдтæхджытæ, фæлæ æрмæстдæр 1475 (18,2%) танчы æмæ 1540 (21,3%) хæдтæхæджы уыдысты ног конструкцийы машинæтæ.

● Æрбабырстмæ цæттæ кæнгæйæ, ныхмæлæууæг равæрдта нæ ныгуылæн арæнты раз йæ 153 дивизийы æмæ бæстæты — дæлбарты æфсæдтæ — æдæппæт 190 иугонды.

● Советон адæмы хъæбатыр хъахъхъæнынад æркодта уымæ, æмæ хæсты фыццаг æртæ мæйы «Барбаросс»-ы пъланы сæйрагдæр хæстæй иу дæр æххæстгонд не 'рцыд. Мæскуыйы бынмæ тох ахаста æхсæз мæйы, цæхгæр аивта хæсты дарддæры цыд. Мæскуыйы бынмæ советон контрныббырст ницаваер ныфсытæ ныууагъта знаджы æвиппайды хæсты пълан сæххæст кæнынæн.

◆ Советон танктæ бырсынц Хæзныдонмæ.

◆ Хъахъхъæнæн фæрæзтæ горæт Орджоникидзейы проспекты.

АДÆМЫ ГУЫХТДЗИНАДÆН

УЫДОН ÆХСЫСТОЙ УÆЛАХИЗ

(Кæрон. Райдайæн 1 фарсыл).

æвзæгтыл дзурæг бирæ дæсгай адæмтæ кæм цæры, ахæм æнæмбал æмæхсæнад. Ахæм æхсæнадæн йæ бон сæрыстыр уæвын у, алы нациты милуангай адæймæгты ну нысантæй, ну фæндагæй, ну хъысмæтæй нæй бану кодта, уымæй.

Уый у тæккæ стырдæр æнтыстдзинад, фæлæ уыимæ мах зонæм, ацы азты дæргъы цас фарстатæ бамбырд, уый. Мах ныртæккæ хизæм нациты 'хсæн ахастдзинæдтæ тынг фæкарздæр кæныны хъæппæхæныл, уый тыхсын кæны не 'ппæт æхсæнады дæр. Уый тыххæй дзырдтой ам дæр, хицæнæй райсгæйæ, æмбæлттæ Прибалтикæйæ. Мах нæ разæууыдыстæм нæ федерацийы фидæнимæ баст егъау уынаффæтæ рахæссыны фæндагыл. Ацы мæйты мах хъуамæ бирæ цыдæртæ алыг кæнæм, ныр мæ цы закъонтæ рахастам, уыдоныл æнцайгæйæ, цæмæй ног цард бауадзæм Советон Федерацийы. Мах фидарæй уырны, раст фæндагыл æууæм, уый.

Æндæр хъуыддаг у уый, æмæ демократийы, æргомдзинады, сæрибарады уагæй, мах сымахимæ кæуыл тыхсæм æмæ абон ныхас кæуыл цыд, уыдон алыг кæнынæн спайда кæныл кæй нæ фæнды. Уый йæ, фæлæ ма сæ фæндид нæ бæстæйы ног демократон уагæй уыиæн фæпайда кæныл, цæмæй сæ

тæе зæгъæн ис, цы рæдыдтытæ уагъд æрцыд, уыдоны тыххæй, кæд æмæ нысан, куыд адæмон хицаудзинады оргæнтæ, афтæ Советты æцæг мидис ногæй йæ бынаты сæвæрын у, уæддæр.

Комкоммæ Советты фæрцы — мах нысан дæр афтæ скодтам, æппæт фарстатæ лыг кæныны хъуыддагмæ куыд сæйраг архайæт, афтæ адæмы бакæныны. Ахæм мадзалæй ацуварс кæныны хъæуы, сталинщинæйы азты дæргъы цы хæлдтытæ æрцыд, уыдон. Уыцы азты сæйраг хъæндзинад — адæмы политикæйæ фæпппæрд кæныны. Мах ам байгом кодтам фæндаг арф демократон ивддзинæдтæм. Æмæ уый афтæ æнцон бамбарын нæу: æппæтæн дæр демократийы æууæлты цæрын æмæ кусын афтæ хуымæтæг хъуыддаг нæу.

Æртæ азы размæ ацы залы загъдæуыд. мах ахуыр кæныны кæй хъæуы демократийы æууæлты кусыныл. Бирæтæ уымæн æмбæлтæ æрцыдысты, æмæ ма сæ скодтой, стæй цард равдыста, уый ахсджиагдзинад. Æмæ ныртæккæ дæр уый у тæккæ ахъаззагдæр фарста.

Партийы XXVIII съезды агъоммæ цæуы, æвæццæгæн, тæккæ парахатдæр ныхæстæй иу — паддзахады, æхсæнады федерацийы хъысмæты тыххæй æмæ партийæн йæхи хъысмæты тыххæй, ныры тынгдæр уырны, ныртæккæ кæй хъæуы æцæг политикæ, æцæг практикон хъуыддæгтæ, мах сæйраг куы сбæлвырд кодтам, цы кæнын нæ хъæуы, уый куы зонæм, уæд. Уымæ гæсгæ хъæр-хъыллистгæнджыты, ардауджыты рæстæг фæцæуы. Мах хъуамæ уæм хиуылхæцгæ, фидар, цы сарæзтам, уым, æмæ хъуамæ сабырæй æмæ фидарæй кæнæм, цыдæриддæр снысан кодтам, уыдæттæ.

Афтæ куы фæзæгъынц, хицаудзинадæй спайда кæнын хъæуы, зæгъгæ, — уæд æз афтæ æмбарын, æмæ сæ фæфæнды, цæмæй мах æхсæнады архайа Закъон æмæ цæмæй архайой, йæ сæххæст кæныи сæ хæс кæмæн у, уыдон.

Афтæ мæм кæсы, æмæ адæм дæр, мах не 'ппæт дæр æмбарæм, фæногдæр кæныны ф æ н д а г ы л лæууæгæйæ, мах нæ къух кæй нæ исæм демократийыл æмæ, амæйразмæ куыд уыд, афтæ кæй нæ халдзыстæм заакъонтæ. Афтæмæй та ахæм фæндæттæ дæр ис. Мах нæ хъæуыиц нæдæр 37-æм, нæдæр 38-æм, 39-æм æмæ уыдоны фæстæйы астæ. Мах хъуамæ хъæддыхæй æххæст кæнæм, цы политикæйыл хæст стæм, уый.

Уымæ гæсгæ мæ загъын фæнды, Президент дæр, хицауад дæр, партийы Центрон Комитет дæр кæй æмбарыиц: махмæ фидæн баст

дыууæ фæлысты дæр нæ уыд, хæринагмæ та уыцы дыууæ рагъыл ахиын хъуыдис — абон ацу æмæ райсом æрбаздæх. Хорз æмæ хъæддаг дыргъæн ныккæнæн дæр нæй — фæткъуытæ, кæрдотæ... Уый нæм æвиппайды афтæ фæкаст — ныккæнæн дæр нæй. Æртыккаг бон хæринаджы номыл адæймаг зæхмæ цæмæ æргуыбыр кодтаид, уадз æмæ нинæтæ дæр сцыбæл уой...

Æрбадтæн арты фарсмæ, зынгтыл æрæвæрдтон гыркъотæ. Куы асау сты, уæд сæ бастыгътон, куыд мæ ничи уына, афтæ иннæрдæм азылдтæн æмæ гыркъо мæ дзыхмæ схастон. Хуыцау кастис æмæ мæнмæ! Гыццылæй тæфсæгæй арæх рынчын кодтон, хинæ-

СТЫРЗÆРДÆ-

ÆДÆППÆТÆЙ ма æстдæс километры баззад Туапсемæ, абон-райсом æй немыц хъуамæ байстаиккой. Æмæ ма сæ уыцы наулæууæн дæр куы фæуыдаид...

Раст нæ уыцы бонты фæдисæй крейсер «Сырх Кавказ»-ы авгæдтой Сухумы æмæ нæ ракалдтой, немыц Туапсемæ тæккæ хæстæгдæр кæм æрбахæццæ сты, уырдæм бацæуынц. Бахыстыстæм дыууæ æфцæгыл. Немæ хæцæнгарзæй дарддæр ницы. Ныр фæзæгъ. Æнæхъæн ротæйы нывыл къахыдарæс

уый нал уыд. Ну бон, дыууæ, æртæ... Уыцы замманайы læппутæй чидæртæ æххормагæй præсийын байдыдтой. Кæдæм æмæ кæмæ хастайккам нæ хъаст — хæст хæст у, нæ хъысмæт нæ ахæм æнамонд раннæ баппæрста.

Уæд дын ну бон кæсын æмæ нæ политрук, майкъонар даулфыцæг, уыцы æнæдзургæйæ арты фарсмæ æрбадтис, цæхæрыл цыдæртæ æвæры æмæ та сæ ахæры. Анвæй йæм мæ цæстытæ ныццавтон. О, хуыцау дын ма уа! Кæд æмæ хордта... гыркъотæ! Раст цыма уынгæ дæр нихæй кæны, уыцы холлагыл та рагæй ахуыр у, уыйау йæ цæст дæр нæ нысъулы, йæ цæсгом æндæрхуызон нæ кæны.

Иузаман мæм комкоммæ æрбакаст, æмæ мæм афтæ фæкаст, уайдæф уыдис йæ цæстыты: æ, уайых æрбауай, фæскомцæдисон куы дæ, мæнæ де 'мгæрттæ сæфгæ куы кæныиц, сæ фервæзынæн мæнæ ацы нунæг мадзал йедтæмæ куы нæ ис, уæд мæ куыд нæ фæзмыс, тæй хаст уыдтæн, зæгъæн ис, фæлæ мæм уыдоны маст гыркъойы масты раз кæроджы сыгъдæй хыхъхъагдæр нæ фæкаст.

Фæлæ хæрæм. Æмæ сæ маст цыдæр æрбацис, арты фарсмæ læппутæ нугай бадын куы байдыдтой æмæ гыркъотæй «минасыл» куы схæцыдысты, уæд.

Æмæ та политрукмæ бакастæн. Ай та цы у? Лæгæн йæ цæссытæ æнæвгъау йæ фæдджитæм згъорыиц, афтæмæй йæ мидбылты худы. Стæй дын афтæ:

— Ницы кæны, læппутæ, ацы уагыл ну хатт фосы хæрынаг ахæрын дæр тæрнгъæд нæу...

Стæй иуылдæр гыркъотæ ерысау хæрыныл куы схæцыдысты, уæд та загъта:

— Æз даулфыцдытæм ахуыр кæныимæ куы бацыдтæн, уæд-ну боны 'мбисмæ мæ хъару басаст, мæ къæхтыл слæууынæн-ну нал уыдтæн. Æмæ-мын нуахæмы хистæр даулфыцæг афтæ: «Валя, æппындæр ма тыхсгæ ма кæн, мах

мыл цы 1418 боны фæцыдысты, уыдонæй сыл æфсæст цал скодта, уымæй.

Ацы хабар мæ зæрдыл та цæмæн æрлæууыд, æххæст уын уый дæр зæгъон. Горæты Сабырдзинады проспекты колхозон дуканийы адæм лæууыдысты рады дандзæмæ. Уалынæ бацыд канд Ирыстоны нæ, фæлæ æгас бæстæйы дæр номдзыд кæддæры хæстон, тынг сгуыхт лæг. Дуканигæстæ йæ зыдтой, бацин ыл кодтой, æртæ килæйы йын атыхтой æмæ йæм сæ ралæвæрдтой. Цалдæр усы дын уый ауыдтой, цы, сæхи йыл ныццавтой, ратт дзидза фæстæмæ, зæгъгæ. «Цы кусут, худинаггæндæгытæ, йæ ном ын хъусгæ дæр нихуы фæкодтат, ордентæй æмæхæд риу æмæ сæ сæрмæ Сыгъзæрин Стъалы нихуы федтат?...» Куыннæ стæй! «Æппын цагъды дæр нæ кæнынц ацы хæстонтæ, цагъды, нæ бон сæ нал уй» — уыцы æдзæсгом цъæхахст систой.

МЫРТАЗТЫ Барис

ангай адæймæгты ну нысантæй, ну фæндагæй, ну хъысмæтæй кæй бану кодта, уымæй.

Уый у тæккæ стырдæр æнтыстдзинад, фæлæ уымæ мах зонæм, ацы азты дæргъы цас фарстатæ бамбырд, уый. Мах ныртæккæ хизæм нациты 'хсæн ахастдзинæдтæ тынг фæкарздæр кæныны къæпхæнæл, уый тыхсын кæны не 'ппæт æхсæнады дæр, уый тыххæй дзырдтой ам дæр, хицæнæй райсгæйæ, æмбæлттæ Прибалтикæйæ. Мах æрлæууыдыстæм нæ федерацийы фиденимæ баст егъау цинаффæтæ рахиссы фæндагыл. Ацы мæйты мах хъуамæ бирæ цыдæртæ алыг кæнæм, ныр мæ цы закъонтæ рахастам, уыдоныл æнцайгæйæ, цæмæй ног цард бауадзæм Советон Федерацийы. Мах фидарæй уырны, раст фæндагыл læууæм, уый.

Æндæр хъуыддаг у уый, æмæ демократийы, æргомдзинады, сæрибарады уагæй, мах сымахимæ кæуыл тыхсæм æмæ абон ныхас кæуыл цыд, уыдон алыг кæнынæн спайда кæнын кæй нæ фæнды. Уый нæ, фæлæ ма сæ фæндид нæ бæстæйы ног демократон уагæй уымæн фæпайда кæнын, цæмæй сæ къухы бафтой, кæмæй ницы рауад, сæ уыцы хицауæн пълантæ, уыимæ фæхицæнтæ уæвыны нысантæ дæр. Фæлæ уыдон сты æбæрнон домæнтæ æмæ æбæрнон политикæ. Мах уый тыххæй дзурæм комкоммæ, уымæн æмæ уый у фæндаг къуырдзæвæнмæ.

Мæн фидарæй уырны, низæн æмæ суанг уыцы стыр æнкъуыстытæн бафæразгæйæ, мах ноджы тынгдæр кæй бауырдзæн. Октябры фæстæ, ленинон национ политикæйы фæндагыл цæугæйæ, мах раст фæндагыл кæй цыдыстæм. Кæд æппæт дæр, Ленин куыд нысан кодта, афтæ нæ рауад, уæддæр.

Мах абон дарддæр бакусын хъæуы сæрибар адæмты цæдис саразыны тыххæй Ленины хъуыдытæ æнæхъæнæй сæххæст кæныны фæндæгтыл. Ахæм у, мах цы политикæ æрæвæрдтам, уый мидис, æмæ, мæнмæ гæсгæ, нæ бæстæйы адæмты фылдæр хай уый ныридæгæн хорз бамбæрста. Фæхицæн кæнынмæ тыриджытæ кæдæм кæныниц æмæ республикæты бирæ адæмæн уыдоны политикæ цы расайы, уый та ноджы тынгдæр æууæндын кæны ууыл, æмæ ралæууын хъæуы цæдис фæногдæр кæныны фæдыл партийы политикæйы фарс. Уый дæр ныртæккæ цæуы лыггонд, æмæ лыггонд æрцæудзæн.

Мах æвзæрст фестæм æппæт къæпхæнты Советтæ дæр. Ныртæккæ Советтæ сæхимæ исынц, раздæр парти кæй æххæст кодта, уыцы бартæ æмæ хæстæ, — хæдзарады, паддзахады æппæт хъуыддæгтæн дæр комкоммæйы уынаффæйад. Уый у тæккæ арфдæр фæзылд. Мах уынæм, ам дæр алцы куыд фæндид, афтæ кæй нæ цæуы. Æмæ ам бирæ цыдæр

Комкоммæ Советты фæрцы — мах нысан дæр афтæ скодтам, æппæт фарстатæ лыг кæныны хъуыддагмæ куыд сæйраг архайæг, афтæ адæмы бакæныны. Ахæм мадзалæй ацуварс кæныны хъæуы, сталинцинæйы азты дæргъы цы хæлдтытæ æрцыд, уыдон. Уыцы азты сæйраг хъæндзинад — адæмы политикæйæ фæиппæрд кæныны. Мах ам байгом кодтам фæндаг арф демократон иддзинæдтæн. Æмæ уый афтæ æнцон бамбарæн нæу: æппæтæн дæр демократийы æууæлты цæрыны æмæ кусын афтæ хуымæтæг хъуыддаг нæу.

Æртæ азы размæ ацы залы загъдæуыд, мах ахуыр кæныны кæй хъæуы демократийы æууæлты кусыныл. Бирæтæ уымæн æмбæлгæ аргъ не скодтой, стæй цард равдыста, уый ахсджиагдзинад. Æмæ ныртæккæ дæр уый у тæккæ ахъаззагдæр фарста.

Партийы XXVIII съезды агъоммæ цæуы, æвæццæгæн, тæккæ парахатдæр ныхæстæй ну — паддзахады, æхсæнады федерацийы хъысмæты тыххæй æмæ партийæн йæхи хъысмæты тыххæй, ныры историон æууæлты цавæр хъуамæ уа, уый тыххæй.

Æппæт уыдæттæ æвдисынц, махыл цыхуызæн ахсджиаг æмæ бæрнон рæстæг скодта, уый. Мах хъуамæ алцыдæр бакæнæм, цæмæй фарстатæ лыггонд цæуой, куыд сæ снысан кодтам, афтæ, — æппæт æхсæнады, æппæт адæмты пайдайæн, цæмæй рацарæсты хъуыддаг æрлæууа фидар рельсытыл æмæ кæна цырдæй-цырддæр. Ныртæккæ мах рацыдыстæм критикон фæндагмæ рацарæсты рæсты.

Фæлæ уый уынынц, йæ фæсыкк фенын кæй фæнды. уыдон дæр. Ныртæккæ бæлвырдгонд цæуынц цæстæнгæстæ. Хæстæгдæр мæйты кæнæ хæстæгдæр афæдзафæдз æмæ 'рдæджы дæргъы алцыдæр хъуамæ сбæлвырд уа. Мах хъуамæ уымæ цæттæ уæм — фæстæмæ нæ раздахын кæнæ нæ былæй аппарын кæй фæндид, уыцы тыхты ныхмæ фæлæуынмæ. Ахæм фæлтæрæн конд æрцыд бæрæгбоны Сырх Фæзы — фæллойгæнджыты митинг æмæ демонстрацийы фæстæ. Кæд нын афтæ зæгъынц, æмæ, цы лоунитæ раппæрстой, уыдоны бынмæ демократтæ цыдысты, уæд æз зонгæ дæр нæ кæнын, демократи цы у, уый.

Æмбæлттæ, тых нс махмæ, Æмæ кæд исчи сонт кæны, уæд уымæн, æмæ æмбары, халæн тыхты рæстæг фæцæуы, уый. Адæм уынынц, æрмæст ардауæнтæй кæй ницы алыг кæндзынæ.

Митингтæ æнæмæнг хъуыдысты, ардауæнтæ та кæд фæндыдæр сты æрмæстдæр бæллæх. Митингтæ æмæ ма нæ парахат ныхас бахъæудзысты, рацарæсты алы къабæзты стыр мадзæлттыл куы ныхас кæнæм, уæд. Фæлæ уæддæр адæмы тынгдæй-

æрынцайыны гæнæнтæй иу. Мах размæ цæуын хъæуы, цы фæндагыл ' лæуд стæм, уыл. Мах хатдзæгтæ кæнæм, цытæ цæуы, уыдæттæй, советон адæмы хъуыдытæй. Фидарæй уæ уырнæд, ам сымах цыдæриддæр загътат, уыдæттæ мах кæй фехъуыстам. Уæ тыхст уын мах æххæстæй дæр æмбарæм.

Ныртæккæ мæ нæ фæнды хицæнæй Æфсады, Уæлахизы тыххæй дзурын. Райсом уыдзæн доклад, уым уый тыххæй загъд æрцæудзæн. Ныртæккæ мæ фæнды нæ бæрæгбоны агъоммæйы ныхас кæронмæ ахæццæ кæнын. Мах ныр æнæуи бонты дæр æмæ бæрæгбæтты дæр дзурæм, нæ зæрдæ цæмæ 'хсайы, уыдæттыл. Уый ныр у не 'цæгдзинад. Ноджыдæр ма мæ иу хатт, зынаргъ æмбæлттæ ветерантæ, адæмы номæй фæнды сымахæн раарфæ кæнын, зæрдæбын «бузныг» уын зæгъын, бæстæйы æмæ адæмы сæраппонд нæ историйы цы сарæзтат, уыдæтты тыххæй, нæ зæрдæ уын зæгъы фидар æнæниздзинад. **(Къухæмдзæгъд).**

* * *

Уый фæстæ иууылдæр рацыдысты Сырх Фæзмæ æмæ дидинджытæ сæвæрдтой В. И. Ленины Мавзолейыл.

Стæй та сабир минут Æнусон арты раз: ветерантæ дидинджытæ сæвæрдтой Æбæрæг салдаты ингæныл.

(СЦТА).

ÆДÆППÆТÆЙ ма æстдæс километры баззад Туапсемæ, абон-райсом æй немыц хъуамæ байстаккой. Æмæ ма сæ уыцы цаулæууæн дæр куы фæуыдаид...

Раст нæ уыцы бонты фæдисæй крейсер «Сырх Кавказ»-ы авгæдтой Сухумы æмæ нæ ракалдтой, немыц Туапсемæ тæккæ хæстæгдæр кæм æрбахæццæ сты, уырдыгæй бацæуæны. Бахызтыстæм дыууæ æфцæгыл. Немæ хæцæнгарзæй дарддæр ницы. Ныр фæззæг. Æнæхъæн ротæйы нывыл къахыдарæс

СТЫРЗÆРДÆ-

уый нал уыд. Иу бон, дыууæ, æртæ... Уыцы заммайнæй лæппутæй чидæртæ æххормагæй præсийы байдыдтой. Кæдæм æмæ кæмæ хæстæгкам нæ хъаст — хæст хæст у, нæ хъысмæт нæ ахæм æнамонд раимæ баппæрста.

Уæд дын иу бон кæсын æмæ нæ политрук, майкъоцаг дзулфыдæг, уыцы æнæмæнгæй арты фарсмæ æрбадтис, цæхæрыл цыдæртæ æнцæры æмæ та сæ ахæры. Аивæй йæм мæ æрстытæ ныццавтон. О, хуыцау дын ма уа! Кæд æмæ хордта... гыркъотæ! Раст цыма уынгæ дæр никæй кæны, уыцы холлагыл та рагæй ахуыр у, уыйау йæ цæст дæр нæ ныкъулы, йæ цæсгом æндæрхуызон нæ кæны.

Нузаман мæм комкоммæ æрбакаст, æмæ мæм афтæ фæкаст, уайдзæф уыдис йæ цæстыты: æ, уайых æрбауай, фæскомцæдисон куы дæ, мæнæ де 'мгæрттæ сæфгæ куы кæнынц, сæ фервæзынæн мæнæ ацы нунæт мадзал йедтæмæ куы нæ ис, уæд мæ куыд нæ фæзмыс, тæй хаст уыдтæн, зæгъæн ис, фæлæ мæм уыдоны маст гыркъойы масты раз кæродзы сыгъдæг хыхъхъæгдæр нæ фæкаст.

Фæлæ хæрæм. Æмæ сæ маст цыдæр æрбацис, арты фарсмæ лæппутæ нугай бадын куы байдыдтой æмæ гыркъотæй «минасыл» куы сæцыдысты, уæд.

Æмæ та политрукмæ бакастæн. Ай та цы у? Лæгæн йæ цæссытæ æнææвгъау йæ фæдджитæм згъорынц, афтæмæй йæ мидбылты худы. Стæй дын афтæ:

— Ницы кæны, læппутæ, ацы уагыл ну хатт фосы хæрынаг ахæрын дæр тæрнгъæд нæу...

Стæй иууылдæр гыркъотæ ерысау хæрыныл куы схæцыдысты, уæд та загъта:

— Æз дзулфыдзытæм ахуыр кæнынмæ куы бацыдтæн, уæд-ну боны 'мбисмæ мæ хъару басаст, мæ къæхтыл слæууынæн-ну нал уыдтæн. Æмæ-мын нуахæмы хистæр дзулфыдзæг афтæ: «Ваня, æппындæр ма тыхсгæ ма кæн, мах мыл цы 1418 боны фæцыдысты, уыдонæй сыл æфсæст дал скодта, уынæй.

Ацы хабар мæ зæрдыл та нæмæн æрлæууыд, æххæст уын уый дæр зæгъон. Горæты Сабырдзинады проспекты колхозон дуканийы адæм лæууыдысты рады дзидзæмæ. Уалынмæ бацыд канд Ирыстоны нæ, фæлæ иугас бæстæйы дæр ноидзыд кæддæры хæстон, тынг стухт лæг. Дуканигæстæ йæ зыдтой, бацин ыл нодтой, æртæ килæйы йын атыхтой æмæ йæм сæ ралæвæрдтой. Цалдæр усы дын уый дзидтой, цы, сæхи йыл ныццавтой, ратт дзидза фæстæмæ, зæгъгæ. «Цы кусут, худинаггæндыкытæ, йæ ном ын хъусгæ дæр никуы фæкодтат, ордентæй æмæхгæд риу æмæ сæ сæрмæ Сыгъзæрин Стъалы никуы федтат?...» Куыннæ стæй! «Æппын цагъды дæр нæ кæнынц ацы хæстонтæ, цагъды, нæ бон сæ нал у!» — уыцы æдæсгом цъæхахст систой.

МЫРТАЗТЫ Барис

УЫДИС ЦÆХÆР-БОНТЫ...

(Мæ зæрдыл та æрлæууыд)

Хæст у!.. Заманхъулы бæрзæндтæм
Ызнаг лæбуры 'мæ — нæ зынтæ!..
Германаг фидæрттæ кæм сæттæм,
Мæ хъæумæ уырдыгæй фæзындтæн.

Æрхаудтæн раст цыма уæларвæй, —
Зæххыл дæр нал хæцын фырцинæй...
Мæ фыдæн ахæм бон йæ арфæ
Сыхбæстæй чи нæ кæны, чи нæ?!

Зæгъы: «Нывондагæн у афон...
Æз халонау кæсын мæ уæны...»
Мæ «райгас», ме 'руады сæраппонд
Зæрæдтæ аргæвдынц нæ уæныг.

Ирон куыд бацæуы йæ тынджы,
(Ирон куыд мысыдтæн тыхст рæтты).
Сыгъдæг хæххон æгъдау —
сæ фынджы.
Сæ сидт мын зонд æмæ тых дæтты.

Æз хъусын: «Бæсты фарн, дæ уазæг
Фæуæд йæ фæдисон «сывæллон!..»
Цæхæры нын бырсын фæразæд.
Куыд бауæм тугхортæй æвдæлон!..»

Баба мæм фæсвæдмæ фæдзуры,
Кæсы мæ цæстытæм æнкъардæй:
«Мæ зæрдæ фыны дæр фæдзуры
Бæлццон læппутимæ хæрз дардæй...

Æз дын дæ фыстытæ лæгсырдтæй
Нæ уæрмы бамбæхстон хуыздæрæн.
Зæй уадзынц хотыхты ыстыртæй,
Нæ уæрм дæр бомбæтæй ныддæрæн...»

Мæ сом-бон чиныджы йæ «ахстон»
Ыскодта 'хсарджыты уæззау хæс;
Уæд æй мæ хъæбулау фæхастон,
Ныр мын æй аныхъуырдта сау хæст...

Тот! Тох! Заманхъулы бæрзæндтæм
Ызнаг лæбуры 'мæ — нæ зынтæ...
Фашисттæ фидæрттæ кæм сæттæм,
Æз та уым ног арты фæзындтæн.

ЧИ СТЫ СÆ НЫЙЙАРДЖЫТÆ?

Хæрзæрæджы уыдтæн Новгороды облæсты Крестцовскийы районы поселок Крестцыйы. Мæ фысымтæ мын загътой, поселочы æфсымæрон нигæн кæй нс, æмæ дзы кавказаг зынгхуыст хæстонтæ дæр ныгæд кæй сты, уый.

Æз бабæрæг кодтон, Крестцыйы цæрджытæ зынгхуыст советон афицертæ æмæ салдæттæн ды цыртдзæвæн сарæзтой, уый. Цыртдзæвæны фарсыл ды стыр номхыгъд нс, уым ссардтон дыууæ ирон мыггаджы. Сæ ну сырхæфсæддон Хъæрджыты А. К. Фæмард 1942 азы 20 мартъийы Иннæ — Легкойты Д. Я., уыдис сержант, фæмард 1943 азы 2 февралы.

Мæн газет «Рæстдзинад»-ы фæрцы фæнды уыцы дыууæ ирон зынгхуыст хæстоны ныййарджытæн æмæ хионтæн фехъусын кæнын сæ бæлццæтты хъысмæт. Чи зоны сæ бафæнда, сæ хъæбултæ ныгæд кæм сты, уыцы æфсымæрон нигæн бабæрæг кæнын. Мæн куы агурой, уæд цæрын горæт Алагиры, Къостайы уынджы 108 хæдзары, 51-æм фатеры.

БАСИТЫ Казимирæ.

ХÆСТ ИРЫСТОНЫ ЗÆХХЫЛ

◆ Хæстытæ Мæздæджы бынмæ.

◆ Партизантæ цæуынц хæстон хæс æххæст кæнынмæ.



◆ Знагæй байст хæстон техникæ Орджоникидзейы.

◆ Цæгат Ирыстоны цæрæг дидинджытæ дæтты советон хæстон-танкистæн. Уый фашисты дæрæн кодта, сæхицæй сын кæй бай-стой, ахæм танкыл. Къамтæ нст сты архивтæй.

1990

ÆВДИСÆНТÆ

● Сталинграды бынмæ тохы (1942 азы 17 июлæй — 1943 азы 2 февралы онг) ныхæй-ныхмæ фесты гитлерон вермахты æмæ Сырх Æфсады сæйраг тыхтæ. Контрыббырсты рæстæг советон æфсæдтæ ныддæрæн кодтой немыцаг-фашистон егъау къорд — фæхъуыд дзы 800 мин адæймагæй фылдæр, 2 мины онг танктæ æмæ бырсæн хæцæнгæрзтæ, 10 минæй фылдæр сармадзантæ æмæ миномettæ, 3 мины бæрц хæдтæхджытæ.

● Советон Цæдисæн æмæ йæ Гæрзифтонг Тыхтæн уыдис сæйрагдæр ахадындзинад дыккаг дунеон хæсты немыцаг-фашистон тыхгæнджыты æмæ се 'мцæдисонты ныддæрæн кæныны хъуыддаджы.

● Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты фронтмæ ацыд цæдисон республикæты ЦК-ты, партийы крайты, облæстты, горæтты æмæ районты комитетты 500 секретары, облæсты æмæ районты цæджы 1265 кусæджы. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты Гæрзифтонг Тыхтæм конд æрцыд æдæппæт 13850 разамонæг партион кусæджы. Алы цыппæрæм хæстон дæр уыд коммунист.

ФЕСГУЫХТЫСТЫ ИРЫСТОНЫ ЗÆХХЫЛ

Ирыстоны хъæбултæ Фыдыбæстæйы хæсты сæхи кувыд хъæбатырæй равдыстой, æфсымæрон адæмты зæхх фашистæй сæрибар кæныныл кæмдæриддæр куыд удгоймагæй дæр, уыдонæй дæр нæ дæн. Фæлæ мæ уырны, йæ бæрзонддзинад Истори алцыдæр æмæ алкæй дæр йæ бынаты кæй сæвæрдзæн, алцыдæр, æцæгæй куыддæриддæр уыд, афтæмæй кæй рацыди, уæддæр.

Ме 'мхуызæттимæ куы амбæлæм, уæд мæ бауырны, ну кæй у нæ катай: цы кусæм, цытæ кæнын, цал цæсгомы ныл ис? Стæй афтæ куы ахæсса, уæд хæсты архайджытæ æхсæндæн цы суыдзысты — раздæрау сæрыстырдзинады, цины хос æви тыхстаг, æлгъыстаг? Æгæр цæхджын у мæ ныхас, æгъут? Уæдæ ма тæккæ абон дæр уæ хъус ардæуут, — афтæмæй кæмæн кодтой, уыдон рнуыл æмбисонды лæгдзинады нысантæ фæсивæдæй кæйдæрты цæсгæмттыл æнæрвæссон мидбылхудт куыд сæвзæрын кæндзысты, уымæ.

Обирæ, тынг бирæ цыдæртæ нæ уыд хæсты махырдыгæй, куыд хъæуы, афтæ. Фæлæ уый цæмæн хъуамæ зына, уыцы аххос æппындæр кæмæ нæ хауы, уыцы хуымæтæджы хæстоны кад æмæ намысыл? Цас æвзæрдæр уыдысты йæ уавæртæ, уыйас ын зындæр куы уыдис, уыйас стырдæр аргъ хъуамæ куы уа йæ фæразондзинадæн, йæ лæгдзинад æмæ æхсарæн.

Тæригъæд хъуыддаг у дуне иыр дæр ма дисы æфтауæг советон бæгъатыры сгуыхтдзинадыл стыр зæрдæ уæвын. Мæнæ та сæ абон дæр фендзыстут, æнæ бацингæнгæ сыл кæм фæуыдзыстут, сæ бирæ хæрзнуджытæм, сæ цардбæллондзинадмæ сын кæсгæйæ, æнæмæнг рахатдзыстут: сæ рæнхъытæ та фесты фаронæй тæнæгдæр. Афтæ ну азæй инпæмæ. Рæвдауинаг, буц дарынаг иын сты, нæ зæрдæты хъарм сæ тынг батавдзæн, цудын сæ нæ уадздзæн, æмæ сæ зæрдиагæй чи нымайы, уыдоны фæндиаг цæрдзысты. Æмæ ныи алы бонау бирæ азты дæргъы кувдзысты:

— Махмæ чи 'рхауд, уыцы мастгæнæг хал уыи Дунейы фарн мæкуы ахæрын кæнæм!

Цæдисы Хъæбатыр В. А. Эмировы мард Ирыстонæй аластой Махачкаламæ. Уым æй бавæрдтой. Дагестаны столицæйы уынгтæй ну хæссы йæ ном.

Афицер, тæхæг ДМИТРИИ ИВАНЫ фырт СИГОВ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты райдайæны агъоммæ дæр уыдис фæлтæрдджын тæхæг. Уый бахсыст. Хасаны нал облæсты Парадовскæйы хъæуккаг ФИЛИПП СТЕПАНЫ фырт ЯРОВОЙ. 1941 — 1942 азты дæргъы уæлдæфмæ знаджы дæрæн кæнынмæ атахт 167 хатты йæ хæдтæхæгыл. Фæлтæрдджын тæхæг канд йæхæдæг не 'вдыста хъæбатырдзинад, фæлæ йæ дæсныдзинадыл, фидар, ныфсхаст уæнынты ахуыр кодта йæ хæстон дæс-

ФÆСМОЙНАГ

Уыцы æвæджиауы куырыхон лæг уый фæстæ бирæ нал ахаста. Афтæ нæ зæгъын, æмæ йæ уыцы устыты æнаккаг ми бабын кодта. Фæлæ уæддæр, уæддæр, уæддæр... Æмæ бынтон та зæрдæ цæмæ 'хсайы: не 'пцæт дæр цыма уыл сахуыр стæм, æмбæлгæ, фидаугæ хъуыддагыл æй нымайын райдыдтам, афтæ кæсы, бæстæ, дуне уджæвгæрæй фервæзынгæнджыты æфхæрджытæн макæ зæгъгæ арæх нæ фехъусдзынæ.

Уæвгæ, рады лæууæг тыхст сылгоймæгты æмæ къулбадæг лæппуты кой цæмæн кæнæм...

Бæрзонд штабы чи бадтис, хæсты хъысмæт стыр тъæпæнтыл, бирæ адæм æмæ хотыхтимæ чи лыг кодта, æз уыдонæй нæ дæн, нæхи Ирыстонæй суанг Одеры былтæм йæ фæстиу чи фæбырыд, цæмæй æдзæ рацæмæ чи не 'фтыд, уыдоимæ хауын. Æмæ ныи алы у, уæдæ кувд, нæ бирæ фыссджыты, историкты, журналисты мацигард фыстытæ кæсын, уæдæ сæ кендзæн куыд стуыдæуа. Чидæртæ дзы уымæ æрцыдысты, æмæ хæсты æнæхъæн нывтæр азы нæхæн иу рухс бон дæр нæ арынц. Рæдыд рæдыды фæдыл, уæлдæрæуджыты æрыгъдæуы комкоммæйы знагтæддзинад (хуыздæр адæймы цæгъдын æнцондæр цауын æе бынмайæн), нæ

Æрæджиауы зонд дæр зонд у, фæзæгъынц. Пиллон артмæ дардæй кæсгæйæ, зынджы стъæлфæн дыл бахауынæй тас нæу. Кафты номыл йæ къах айсын дæр чи нæ зоны, уый дæр кæйдæр æмбисонды дæсны кафтмæ исты фау æрхæсдзæн. Æмæ раст цыма нæ уыцы историктæ, фысджытæ, журналисттæ ерысы бацыдысты, уыйæмæ Кожедубтæ — æцæг сгуыхт тæхджытæ фашисттæм уыдис, махонтæ сæ разы рыг дæр нæ калынц. Утæппæт бавзарæг, чи никуы уыд, ахæм зындзинæдтæн бафæразæг, дунейы хурхмæ кард ныддарæг æгъатыр къух ахауынгæнæг æмæ зæххыл фари атулынгæнæг адæмыл ахæм æлгъæтгæ мыс æмæ дæхи уыцы адæмæй хон. .

Ну хатт ма йæ зæгъын: хæсты азты йæ дзырд дардмæ кæмæн хъуыст, æз уыдонмæ нæ хауын. Хæстæн аргъ чи кæны, йæ «къуымтæе» йын чи къахы, уыдонæй дæр нæ дæн. Фæлæ мæ уырны, йæ бæрзонддзинад Истори алцыдæр æмæ алкæй дæр йæ бынаты кæй сæвæрдзæн, алцыдæр, æцæгæй куыддæриддæр уыд, афтæмæй кæй рацыдысты. Радзыргæнæг æрвæдзы. Цæсфæнды рæстæг куы рацæуын, уæддæр.

Ме 'мхуызæттимæ куы амбæлæм, уæд мæ бауырны, ну кæй у нæ катай: цы кусæм, цытæ кæнын, цал цæсгомы ныи ис? Стæй афтæ куы ахæсса, уæд хæсты архайджытæ æхсæндæн цы суыдзысты — раздæрау сæрыстырдзинады, цины хос æви тыхстаг, æлгъыстаг? Æгæр цæхджын у мæ ныхас, æгъут? Уæдæ ма тæккæ абон дæр уæ хъус ардæуут, — афтæмæй кæмæн кодтой, уыдон рнуыл æмбисонды лæгдзинады нысантæ фæсивæдæй кæйдæрты цæсгæмттыл æнæрвæссон мидбылхудт куыд сæвзæрын кæндзысты, уымæ.

Обирæ, тынг бирæ цыдæртæ нæ уыд хæсты махырдыгæй, куыд хъæуы, афтæ. Фæлæ уый цæмæн хъуамæ зына, уыцы аххос æппындæр кæмæ нæ хауы, уыцы хуымæтæджы хæстоны кад æмæ намысыл? Цас æвзæрдæр уыдысты йæ уавæртæ, уыйас ын зындæр куы уыдис, уыйас стырдæр аргъ хъуамæ куы уа йæ фæразондзинадæн, йæ лæгдзинад æмæ æхсарæн.

Тæригъæд хъуыддаг у дуне иыр дæр ма дисы æфтауæг советон бæгъатыры сгуыхтдзинадыл стырзæрдæ уæвын. Мæнæ та сæ абон дæр фендзыстут, æнæ бацингæнгæ сыл кæм фæуыдзыстут, сæ бирæ хæрзнуджытæм, сæ цардбæллондзинадмæ сын кæсгæйæ, æнæмæнг рахатдзыстут: сæ рæнхъытæ та фесты фаронæй тæнæгдæр. Афтæ ну азæй инпæмæ. Рæвдауинаг, буц дарынаг иын сты, нæ зæрдæты хъарм сæ тынг батавдзæн, цудын сæ нæ уадздзæн, æмæ сæ зæрдиагæй чи нымайы, уыдоны фæндиаг цæрдзысты. Æмæ ныи алы бонау бирæ азты дæргъы кувдзысты:

— Махмæ чи 'рхауд, уыцы мастгæнæг хал уыи Дунейы фарн мæкуы ахæрын кæнæм!

хæссæгæй фервæзынгæнджыты æфхæрдмытæн макæ зæгъгæ арæх нæ фехъусдзынæ.

Уæлгæ, рады лæууæг тыхст сылгоймæгты æмæ къулбадæг лæппуты кой цæмæн кæнæм...

Бæрзонд штабы чи бадтис, хæсты хъысмæт стыр тъæпæнтыл, бирæ адæм æмæ хотыхтимæ чи лыг кодта, æз уыдонæй нæ дæн, нæхи Ирыстонæй суанг. Одеры былтæм йæ фазыл чи фæбырыд, нæмыгæй æдас ранмæ чи не 'фтыд, уыдонмæ хауын. Æмæ мын зын у, уæдæ куыд, нæ бирæ фыссджыты, историкты, журналисткты мæнгард фыстытæ кæсын, уæдæ сæ æндæр куыд схуындæуа. Чидæртæ дзы уымæ æрцыдысты, æмæ хæсты æнæхъæн цыппар азы махæн ну рухс бон дæр нæ арынц. Рæдыд рæдыды фæдыл, уæлдæрлæуджыты æрвылбоны комкоммæйы знагтæддзинад (хуыздæр адæмы цæгъдын æндæр цæуыл нæ банымайæн), нæ командирты æнæрæхстдзинад, нæ хотыхты кæуинаг уавæр...

ау сæ уды быцъынæг тоныц, уæдæ нæ Уæлахиз дæр, йе 'рхæсджыты дæр цæсты тыигдæр цæмæй бафтыдæуа, зæгъгæ. Æфсон та сын ахъаззаджы æфсон фæцис: адæм хъуамæ рæстдзинад зоной.

Рæстдзинад цыфæнды маст æмæ хъыг куы уа, уæддæр ыл къахæй нычи ныллæудзæн, нычи фæлæуджæн йæ ныхмæ. Фæлæ кæмдæр нырмæ цыдæр æбæрæг гæххæтыл фæхæст у, цæнмæ баст у, куыд æгъдауæй сæвзæрд, уый сбæлдырд кæныны бæсты ныхъхъыллинст лас: æз æй фыццаг базыдтон! Æппынфæстаг цæмæ 'ркæндæн, хорзæй дæр æмæ æвзæрæй дæр цы ратдзæн, уыл сагъæс дæ зæрды кæрон дæр ма уæд, афтæмæй стыр ныхæстыл сбæндæн у...

Рæстдзинад æппæтæй уæлдæр у, зæгъгæ, чидæртæ æргомæй уымæ æрцыдысты, æмæ советон адæм ну хъæбатырдзинад дæр нæ равдыстой, уæлахиз балхæдтой тугæй, æндæр ницæмæй. Ахæмтæм байхъус, уæд цы сты Покрышкинтæ

Ну хатт ма йæ зæгъын: хæсты азты йæ дзырд дардмæ кæмæн хъуыст, æз уыдонмæ нæ хауын. Хæстæн аргъ чи кæны, йæ «къуымтæ» йын чи къахы, уыдонæй дæр нæ дæн. Фæлæ мæ уырны, йæ бæрзонддзинад Истори алцыдæр æмæ алкæй дæр йæ бынаты кæй сæвæрдзæн, алцыдæр, æцæгæй куыддæриддæр уыд, афтæмæй кæй равдисдзæн. Уæдмæ уæ цæй æрæджы. Цасфæнды рæстæг куы рацæуа, уæддæр.

Ме 'мхуызæттимæ куы амбæлæм, уæд мæ бауырны, ну кæй у нæ катай: цы кусæм, цытæ кæнæм, цал цæсгомы ныл нс? Стæй афтæ куы ахæсса, уæд хæсты архайджытæ æхсæнадæн цы суыдзысты — раздæрау сæрыстырдзинады, цины хос æви тыхстаг, æлгъыстаг? Æгæр цæхджын у мæ ныхас, зæгъут? Уæдæ ма тæккæ абон дæр уæ хъус æрдарут, кæддæр æппæт адæм сæ сæртæй цыллæг кæмæн куывтой æмæ тæккæ зæрдæбындæр

дзинадæн, йæс лæгдзинад æмæ æхсарæн.

Тæригъæд хъуыддаг у дуне ныр дæр ма дисы æфтауæг советон бæгъатырты сгуыхтдзинадыл стырзæрдæ уæвын. Мæнæ та сæ абон дæр фендзыстут, æнæ бацингæнгæ сыл кæм фæуыдзыстут, сæ бирæ хæрзнуджытæм, сæ цардбæллондзинадмæ сын кæсгæйæ, æппæмæнг рахатдзыстут: сæ рæнхъытæ та фесты фаронæй тæнæгдæр. Афтæ ну азæй иппæмæ. Рæвдауинаг, буц дарынаг нын сты, нæ зæрдæты хъарм сæ тыng батавдзæн, цудын сæ нæ уадздзæн, æмæ сæ зæрдиагæй чи нымайы, уыдоны фæндиаг цæрдзысты. Æмæ нын алы бонау бирæ азты дæргъы кувдзысты:

— Махмæ чи 'рхауд, уыцы мастгæнæг хал уын Дунейы фарн мæкуы ахæрын кæнæд!

ДЗУГАТЫ Барис.

Ирыстоны хъæбултæ Фыдыбæстæйы хæсты сæхи куыд хъæбатырæй равдыстой, æфсымæрон адæмты зæхх фашисттæй ссæрибар кæныныл кæмдæриддæр куыд удуæлдайæ тох кодтой, уый зындгонд у. Хæст уыдис нæ адæмты хæлардзинады стыр фæлварæн: Советон Цæдисы егъау территорийы алы гæбазыл дæр нæ адæмты минæвæрттæ тох кодтой, алкæмæн дæр сæ раст цыма йæхи кæрт, кæнæ хæдзар уыд, уыйау.

Афтæ хæцыдысты 1942 азы Ирыстоны зæххыл уырыссагтæ, украинæгтæ, гуырдзиæгтæ, белорусæгтæ, сомихæгтæ, азербайджайнæгтæ, дагестайнæгтæ æмæ нæ бæстæйы иннæ адæмты минæвæрттæ. Бирæ фыст уыди сæ нуæй-нуты тыххæй. Уæлахизы 45 азы бон махæн нæ хæс у иннæты дæр æрæмысын.

...1942 азы Цæгат Кавказы адæмты минæвæртты антифашистон митинджы йæ адæмы комæй ард бахордта лезгинаг ВАЛЕНТИН АЛЛАХИЯРЫ-фырт ЭМИРОВ дæр. Уый уыдис 926-æм истребителон авиацион полчъы командир. Коммунист Эмировы æфсæддон хай хорз зæххæст кодта йæ хæс. Командир йæхæдæг уыд хъæбатыр. Разæнгард кодта йе 'мбæлтты дæр. Мæздæджы цур полчъы тæхджытæ знагимæ схæцыдысты бирæ хæттыты æмæ æрæппæрстой цалдæр хæдтæхæджы. Æрмæст нунæг бон, 1942 азы 5-æм сентябры, капитан Эмиров æмæ йе 'мбæлтты къорд гитлеронтимæ схæцыдысты цыппар хатты æмæ æрæппæрстой фонда хæдтæхæджы.

Ну карз уæлдæфон хæсты рæстæг Эмиров нæ бомбæзгъалдзыты хъахъхъæдта гитлерон лæбурджытæй. Знаджы тыхтæ уыдысты бирæ фылдæр. Бантысти сын Эмировы хæдтæхæгыл арт бафтауын. Йæ судзгæ машинæ ма уæддæр разылдта капитан æмæ ма басыгъта знаджы хæдтæхджытæй ну. Архайдта ма йæхи хæдтæхæг бахъахъхъæныныл, цыдæр амæлттæй ахуыссын кодта пиллон, фæлæ уæддæр хæдтæхæг нал касти йæ коммæ — хауын райдыдта зæхмæ. Валентин парашютимæ йæхи раппæрста, фæлæ æгæр æввахс уыд, парашют æххæст нæ райхæлд, æмæ хъæбатыр советон тæхæг нал фервæзт.

Хæсты фæстæ Советон Цæдисы Хъæбатыр В. А. Эмировы мард Ирыстонæй аластой Махачкаламæ, Уым æй бавæрдтой. Дагестаны столицæйы уыцитæй ну хæссы йæ ном.

Афицер, тæхæг ДМИТРИЙ ИВАНЫ фырт СИГОВ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты райдайæны агъоммæ дæр уыдис фæлтæрдджын тæхæг. Уый бахсыст, Хасаны цад æмæ Халхинголы доны цур цы хæстытæ æрцыд, уым. Йæ фæлтæрдзинадыл дзырдтой йæ хæрзнуджытæ: Сырх стъалыйы орден æмæ цалдæр майданы.

Капитан Сиговыл 'цыдис æрмæстдæр 27 азы. Фæлæ уыдис, йæ кары чи бацæуы, ахæм æмбаргæ адæймаг. Нæхи мады бæрц уарата йæ Райгуырæн бæстæ. Æдзух йæ цæстытыл уад, йæ зоныгыл æрлæууæйæ, полчъы тырысайы цур дзырд куыд радта, уый.

— Цалынмæ мæ тугдадзинты туг ахæла, уæдмæ знаджы нымæ хæцдзынæн æнæуæрдонæй. Куы бахъæуа, уæд ратдзынæн мæ цард дæр, фæлæ тохы бындæтой æфстæмæ ну къахдзæф дæр нæ ракæндзынæн...

Дмитрий 1941 азы 17 сентябры онг йæ хæдтæхæгыл знаджы дæрæн кæнынмæ атахт 123 хатты. Бакодта йын стыр знантæ. Йæ хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй йын саккаг кодтой Ленины æмæ Сырх тырысайы ордентæ, майдантæ.

Цалдæр хатты фæцис цæфтæ дæр, фæлæ та-ну куыддæр фæдзæбæх, афтæ ногæй дæрæн кодта фыдызнаджы. 1942 азы немыцаг фашист тæ Ирыстоны зæххыл Грозныйы нефтмæ куы бырстой, уæд капитан Сигов ну æмæ дыууæ хатты нæ атахт гитлероны пырх кæнынмæ.

1942 азы 9 октябры Дмитрий Сигов йæ æмбæлтты къордимæ уæлдæфы хæрхæмбæлд фæцис фондз немыцаг хæдтæхæгимæ. Са сæрмæ нæ бахастой алидзын æмæ ныхæй-ныхмæ бацыдысты «Фокке — вульф 189» хæдтæхджытæм. Уыцы хæсты знаджы æртæ хъæрццыгъайы сæ мæлæт ссардтой. Фæлæ Дмитрий уæззау цæф фæци æмæ хъæбатырæй фæмард. Йæ лæгдзинады тыххæй йын Советон хицауад саккаг кодта Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. Капитан Сиговы баныгæдтой Бесланы. Ам йæ номыл нс уынг.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты бонты фыдгулты ныхмæ хъæбатырæй хæцыд Киевы облæсты Парадовскæйы хъæуккаг ФИЛИПП СТЕПАНЫ фырт ЯРОВОЙ. 1941 — 1942 азты дæргъы уæлдæфмæ знаджы дæрæн кæнынмæ атахт 167 хатты йæ хæдтæхæгыл. Фæлтæрдджын тæхæг канд йæхæдæг нс 'вдыста хъæбатырдзинад, фæлæ йæ дæсныдзинадыл, фидар, ныфсхаст уæвыныл ахуыр кодта йæ хæстон æмбæлтты дæр.

1942 азы нюлы фæстаг бонты экскадрилийы командир Яровой, йемæ ма цыппар хæдтæхæджы, афтæмæй схæцыд 12 гитлерон тæхæгимæ. Тохы тæмæны радио-йæ фехъуыста эскадрилийы хистæр политрук Сергеевы ныхас: «Мæ хæдтæхæг фæцæф. Цæуын нунæгæй». Яровой, Сергеевы хъахъхъæнгæйæ, схæцыд знаджы цыппар «Мессершмитт»-имæ. Аирвæзын кодта йæ комиссары, афтæмæй ма поджы æрæппæрста знаджы хæдтæ хæг.

Цалдæр боны фæстæ та Яровойы, нæ горæт хъахъхъæнгæйæ, уæлдæфы бахъуыд карз хæсты бацæуын. Нæ фондз хæдтæхæджы схæцыдысты фыдызнаджы аст хæдтæхæгимæ. Яровой æмæ йе 'мбал Ковалев та хъахъхъæдтой нæ бомбæзгъалдзыты, Уалынмæ Ковалевæн фæцис йæ артаг æмæ атахт аэродроммæ. Яровой баззади знаджы фондз хæдтæхæджы ныхмæ зыбыты нунæгæй. Уыцы карз хæсты дзы æрæппæрста нуы, афтæмæй нæ бомбæзгъалдзыты æрбæдын кодта нæ аэродромы. Фæлæ йæхæдæг фæцис уæззау цæф. Цалдæр боны фæстæ амард. Ныгæд æрцыд Михайловскы хъæуы.

ССР Цæдисы Сæйраг Советы Президиум капитан Ф. С. Яровойæн йæ стыр хъæбатырдзинад æмæ лæгдзинады тыххæй саккаг кодта Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. Михайловскы ну æмæ хъæуы скъола ныртæккæ хæссынц Ф. С. Яровойы ном.

Æз радзырдтон, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг Ирыстоны зæххыл стыр хъæбатырдзинад равдисгæйæ, Райгуырæн бæстæйы æрапонд йæ цард чи радта, уыдонæй æрмæстдæр æртæйы тыххæй. Фæлæ бирæ хъæбатыртæн сæ нæмттæ бæрæг нæма сты. Махæн не 'ппæты хæс дæр у уыдон ссарын æмæ, нæ адæмы æхсæн сæ ном æнусмæ цæмæй баззайа, уыл бакусын.

ЛАЗАРТЫ Хæсанæ,
хæсты ветеран.

ИРОН ЧЫЗДЖЫ ХЪЫСМÆТ

Зæххыл цы стырдæр тох æрцыди, гъе уым ирон туг дæр ныккалд. Ныккалд дзы Магкаты бинонтæй дæр хо æмæ æфсымæр ы тут. Ирыстоны зынгхуыст хæстонтæ, уæ ном уын никуы ферох кæндзæни Ирыстон. Фæлтæр фæлтæры ивдзæн, цалынмæ адæмы мытагæй уа мытаг, уæдмæ уыдзæни уæ кой. Фæлыгъд ныййарæгæн йæ хуыссæг, æхсæвæй бонæй уынæргъы йæ царæфтыд хъæбултыл. Хъæбулты уарзта мад, хъæбултæ уарзтой цард. Цæй фидар разындысты Магкаты Андрей æмæ Рансæйы зæрдæтæ, сæ 18-аздзыд чызг Софья æмæ сæ нунæг фырт Барис куы нæ уал æрыздæхтысты хæсты быдырæй, уæд. Тæхуды, се 'взонг чызг Софьямæ ахæм амонд æнхъæлмæ куы кастаид, æмæ куы 'рбакодтаид йæ уæлæ чындзы дарæс, чындзхæцджытæ куы базарыданккой йæ ныййарæгмæ: «Ой, нана, ныр дын дæ изæруатгæнæг, дæ райсом артгæнæг, дæ хъуымбыл дзыкку дзæбæх чызджы хæсгæ куы кæнæм...». Нæ каст Софьямæ ахæм амонд. Уымæ бынтон æндæр амонд каст æнхъæлмæ. Чындзы дарæс æрбакæныны бæсты йæ уæлæ æрбакодта æфсæддоны дарæс Камари роны бæсты æфсæддон ронæй йæ астæу нарæг æрбалвæста. Йæ къухтæм рай ста хæцæнгарз æмæ æрлæууыд фыдæзнаджы ныхмæ тугкалæн хæсты. Уæд, 1942 азы, Софьяйыл сæххæст 18 азы. Уыцы æз фæцис 8 къласы æмæ бацыд кусынмæ Дзæуджыхъæуы гауызуафæг ермгуыстæнæнмæ. Куысты фæстæ та йе 'мгар чызджытимæ ахуыр кæнынмæ цыд ДОСААФ-мæ снайперы курсытæм.

Фондз хойы æмæ нунæг æфсымæры кæстæр уыд Софья. Фыд Андрей æмæ мад Рансæйы хъулондæр чызг уыд. Æмæ куынæ, бинонты кæстæр кæддæриддæр буцдæр вæййы. Йæ ацыд, йе 'рбацыдыл ын æрхъæцмæ дæр нæ læууыдысты. Нæ куысты-ну цъус куы афæстиат, уæд-ну ныййарджытæ фыркатайæ цы кодтаккой, уый нæ зыдтой. Уæд ыл ныр куыд læууынц, сæ зæрдæтæ куыд нæ атонынц фыр мæтæй, тугуарæн кæм кæны, туджы зæйтæ кæм æнхъæвзынц, зæхх æмризæджы кæм ризы сармадзантæ æмæ бомбæты нæрынæй, уым сын куы нс. Сæ цард ад нал кæны сæ нунæг фырт Барис æмæ сæ дыууæ чызджы Женя æмæ Софьяйы мæтæй.

Барисы хæст æрæййæфта службæ кæнгæйæ, фæмард Ленинград хъахъхъæнгæйæ. Софьяйы хæд хистæр хо Женя ма уæззау цæфтимæ сæмбæлд йæ райгуырæн къонайыл.

Софья хъæбатырæй хæцыд фашистты ныхмæ. Йæ хъæбатырдзинады тыххæй Белоруссийы зæххыл хорзæхджын æрцыд Сырх стъалыйы орденæй. Арæх фыста сæхимæ. Фыццаг хатт куы фæцæф, уæд госпитæлы бирæ нæ бафæстиат, уайтагъд фæсæрæн. Æмæ æрцагуырдта йæхи æфсæддон хайы. Ногæй та хæцæнты. Ногæй та æрыгон снайпер цуан кæны немыцаг тугдзых бирæгътыл Къорд фашисты барвыста мæрдтæм. Фæзминаг снайпер, ротæйы фæскомцæдисон комитеты секретарь Магкаты Софьяйы хъæбатырдзинад разæнгард кодта ротæйы фæскомцæдисонты. Нæ тарстис мæлæтæй Софья. Дыккаг хатт фæцæф Белоруссийы зæххыл Гродномæ æвæмыцаг балбирæгътæй дзæвгарæй нæ сисон, уæдмæ.

Сæмбæлд та æртыккаг цæфы фæстæ хъæбатыр снайпер Софья йæхи æфсæддон хайыл. Ныфсхаст чызг разæнгард кодта йе 'мбæлтты хæсты цæхæрмæ. Ротæйы газеты фыст уыд ахæм ныхæстæ: «Фæзмут ротæйы фæскомцæдисон комитеты секретарь, снайпер Магкаты Софьяйы, ут уый хуызæн ныфсхаст, хъæбатыр!» Сталинграды бынмæ хорзæхджын æрцыд Сырх стъалыйы дыккаг орденæй. Маст æмæ ныфсхастдзинад мæлæтæй нæ тæрсынц. Сиды Софья йæхи хуызæн æрыгæттæм: размæ, размæ, цæвут æнауæрдонæй знæгты!

Уый уыдис Софьяйæн йæ фæстаг сидт. Знаджы цыппæрæймаг цæф ын разынд мæлæтхæссæг. Фæстаг хатт ма байгом кодта ирон чызг йæ рæсугъд цæстытæ. Фæстаг хатт ма йæ хæстон æмбæлттæм скаст. Цыдæр зæгъынмæ ма сын хъавыд, фæлæ фæлмаст рну сулæфыд арф, æмæ йæ рæсугъд цæстытæ æрæхгæдтой æнусмæ.

Кæнмæ хæцыд, йæ уыцы хæстон æмбæлттæ йын йæ хабæрттæ фехъусын кодтой йæ ныййарджытæм. Уæвгæ, йæ цæсмоты дæр бæлвырд фыст сты, æмæ уадз, сымах дæр, газеткæсджытæ, зонат, ирон æвзонг чызг, 18-аздзыдæй немыцаг фашисты ныхмæ хæцынмæ чи ацыд, уый кадимæ кæй сæхæхæст кодта йæ хæс Райгуырæн бæстæйы размæ. Йæ ном никуы уыдзæн рох ирон адæмæй.

МОУРАУТЫ Тимофей.

Авторы фæндонмæ гæсгæ йæ гонорар æрвыст цæуы Плиты Иссæйæн цырт сарæзыны хыгъдмæ.

ХУЫДÆЛТЫ Æхсарбег

МЕ' МГАРИ ИМИСГÆЙ

Ниццæй Нигулæн тар сау мегътæй.
Бафснайдта хор æ туntæ арф.
Гъуэтæй нæмæ мæлæт фæстегъæй,
Æрниллæг æй нæ сæрмæ арв.

Лæстæй зæйтау фашист кæсæнмæ.
Горæт, гъæубæл æфтудта арт,
Цæфтæй дуйне фалдзос, нæ сæрмæ
Æзнаг хаста ластæй æ кард.

Ме 'рдхуард рандæй тугъдмæ æд фидæ.
Мадæ райста уонæн сæ куст.
Кæмæй хуæрзæг хабар цæуидæ.
Кæмæн æ цард кодта зингхуст.

Хуæрзконд адтæй мæнæн ме 'мгарæ.
Саулагъэ. Бæрзонд.
Йе 'онг—æставд.
Уæйуг. Цурдкъах.
Дæнцæг йе 'хсарæ.
Болат æ кард. Рæстдзæф æ гъавд.

Æ конд лæууй нур дæр мæ цæсти.
Æ дзурд фæнзуй мурау мæ гъос.
Райста мæлæт махæн нæ бæсти
Æ ном цæрдзæй кадæй æнос.

— Ма уæд æзмæнст, — адæм зæгъунцæ, —
Дуйнети дон цæуæд præсог...
Тугъдонтæ ма цæфтæй гъæрзунцæ
Рист ма 'й тугъдæй нурдæр сæ тог.

МЫСÆН БОН

Знон Мæздæджы вагзалы цур уыд Уæлахизы боны кадæн митинг. Ам æрæмбырд сты рудзынгæмбæрзæнты фабричы кусджытæ, куыстуæтты æмæ кусæндæтты коллективтæ, скъолаты æмæ 13 профтехучилищейы ахуырдзаутæ, партийы æмæ советон оргæнты минæвæрттæ. Ам уыдысты Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы комитеты сæрдар Къоннаты Юрий æмæ республикæйы Министрты Советы сæрдары фыццаг хæдивæг Таболты Аркадий.

Митинг байгом кодта Мæздæджы райсоветы æххæстком-мы сæрдары хæдивæг Гæлуаты Эдуард. Раныхас дзы кодтой æфсæддон комиссар Тауаситы Спартак, районы ветеранты советы сæрдар Федор Черненко, ахуырдзау Горячева æмæ æндæртæ. Уыдон фæарфæ кодтой ветерантæн Уæлахизы бæрæгбон, æрымысыдысты, семæ чи нал ис, уыцы хæстонты.

Иссæйы цыртдзæвæны бындур

Номдзыд инæлар, Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр, Манголы адæмон хъæбатыр Плиты Иссæйы ном дардыл хъуыстгонд у. Уый стыр æхсар æмæ лæгдзинад равдыста Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг знаджы ныхмæ хæцгæйæ. Уымæн номарæн цыртдзæвæн нæ горæты кæцы ран æвæрд æрцæуа, уый тыххæй нæ газеты фæрстыл сæ хъуыдытæ, фæндæттæ, фиппаинæгтæ загътой Ирыстоны цæрджытæ.

Æмæ, мæнæ знон, Уæлахизы 45 азы бæрæгбоны хæдагъоммæ, Коцойты-фырты æмæ Орджоникидзейы уынгтæ кæм бану вæййынц, цæнгæт хидмæ хæстæг цæгатырдыгæй, уым æвæрд æрцыд Иссæйы фидæны цыртдзæвæны дур. Ардæм кадджын митингмæ æрбацыдысты уазджытæ нæ бæстæйы алы рæттæй, Ирыстоны районтæй æмæ хъæутæй. Сæ фылдæр — хæсты æмæ фæллойы ветерантæ. Уыдонимæ — инæлар-булкъон, ССР Цæдисы сгуыхт тæхæг Цоколаты Е. В., инæлар-лейтенант Гацолаты В. А., юстицийы инæлар-майор Цæллагты Б. В., Советон Цæдисы Хъæбатыр, инæлар-лейтенант А. С. Мнацаканов, Советон Цæдисы Хъæбатыр Козаты А. Б. æмæ æндæртæ.

Митинджы Иссæйы цард æмæ хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй радзырдта горæххæстком-ы сæрдар М. М. Шаталов. Уый фæстæ Плийы-фырты номыл цыртдзæвæны дур байгом кæныны бар лæвæрд æрцыд инæлар-лейтенант Гацолаты Викторæн, отставкæйы контр-адмирал Цæллагты Пантелейæн æмæ Советон Цæдисы Хъæбатыр В. Д. Коняхинæн.

Номдзыд инæлары хæстон фæндæгты тыххæй митинджы сæ мысинæгтæ æмæ хъуыдытæ загътой отставкæйы контр-адмирал Цæллагты Пантелей, Хуымæллæджы Плиты Иссæйы номыл колхозы ветеран Кæсæбиты Митя, отставкæйы булкъон, Иссæйы æфсады раздæры хæстон В. Н. Приходько æмæ нæ республикæйы культурæйы министр Дзантиаты А. А.

Кадджын митинджы уыдысты партийы Цæгат Ирыстоны обкомы бюройы уæнгтæ, партийы æмæ советон оргæнты минæвæрттæ, культурæ æмæ аивады кусджытæ.

ЧЕРЧЕСТЫ Хъ.

КЪАМЫ: митинджы рæстæг.

ХУЫРЫМТЫ Аллæ.

ХÆСТОНЫ САГЪÆС

Æцæгæлон бæстыл,
Мæ Иры мысгæйæ,
Мæ сау ингæн уадзы цъæх арт;

Мæ разагъды Ирыл,
Мæ урс-урсид хæхтыл,
Куы зонис, куыд тайын, Нана!

Дæ цурмæ æрцæуын
Мæн сыджыт нæ уадзы, —
Дæ хъæбулæй ма ракæ хъаст:

Тæппуд дæр нæ уыдтæн,
Кæроймæ хæцыдтæн—
Æрттив мын æнустæм, Кавказ!

Гæнæн мын куы уаид,
Аминоны бæстæй
Æз ну афон райсин мæхи, —

Мæ уырытæй зæхх къахин,
Фæндаг дæм ссарин,
Дæлдзæхæй, мæ райгуырæн Ир!

ДЗЫРДБЫД

Фæрсырдæм: 2. Хæцæнгарзы хуыз. 5. Хæсты ветеран Плиты Грисы комеди «Хæррæгъ»-ы архайæг. 6. Мидхæсты хъæбатыр. 7. Мамсыраты Дæбейы радзырд «Цыт»-ы архайæг. 8. Дæргъы бæрц. 10. Тæхнæг аппарат. 14. Рагон хæцæнгарз. 16. Хæдтæхникæтæ цалцæгтæнæн бынат. 17. Уырыссаг советон фыссæг æмæ æхсæнадон архайæг. 18. Кæрæдзийы æмбарынц фæраз. 20. Советон конструктор, таниæ æрткъуыдыгæнæг. 22. Хæлæн æрмæджы схъис. 24. Аивады хуыз. 25. Ирон адæмы кадджын хъæбул. 26. Ирон фыссæг, хæсты ветераны ном. 27. Советон режиссер, киноныв «Тегеран—43» сæвæрæг. 28. Ирон революцион организаци.

Бынмæ: 1. Горæт-хъæбатыр. 2. Æфсæддон цин. 3. Нигеры æмдзæвгæ. 4. Хъамайы, æхсаргарды хайæ. «Æрыгон гвардиэ»-йы разамонджытæй иу. 11. Æрх, адаг. 12. Хæстон машинæ скъæрæг. 13. Советон хæстон разæвгæ. Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр. 15. Хæлæн æрмæджы схъис. 19. Ирон адæмы кадджын хъæбул. 21. Ирон æвзаджы æмбарынц фæраз. 23. Ирон æвзаджы æмбарынц фæраз. 24. Ирон æвзаджы æмбарынц фæраз. 25. Ирон æвзаджы æмбарынц фæраз. 26. Ирон æвзаджы æмбарынц фæраз. 27. Ирон æвзаджы æмбарынц фæраз. 28. Ирон æвзаджы æмбарынц фæраз.

Цъæх-цъæхид адардта Суаргом. Дидинæг калынц æмæ сыфтæр æфтауынц бæлæстæ. Нарæг адæгты хæхтæй згъорынц митдæттæ. Хуры тынтæ хъазынц къæдзæхты тигътыл. Хæххон хуымтæ, уыгæрдæнтæ æмæ сæрвæтты сæрмæ арвыл алырдæм ленк кæныны урс æвпрæгътæ. Саумæрæй хæрдмæ сраемыгътой зымæгон мæнæу æмæ таугæ кæрдæджыты сыгъдæг æвзартæ, Цыбыр дзырдæй, уалдзæг райдыдта тæмæнтæ калын. Парахатæй сулæфыд зæхх, æмæ æмвæтæнæгæй базмæлыдысты йæ тугдадзинтæ.

Уыцы нывтæм кæсгæйæ, адæймаджы зæрдыл ногæй æрлæууы 1945 азы май. Уæлахизы уалдзæг... Фæцис Фыдыбæстæйы Стыр хæст, фæлæ ма дудыдтой йæ хъæдгæмттæ. Сыгъд хъæутæ æмæ сахарты хæлддзæгтыл нæма бахус нс адæмы туг, нæма байсыст идæдз устытæ æмæ сидзæр сывæллæтты цæстысыг. Стæй сын бахус æмæ байсысæн дæр нæ уыдис. Нæ уыдис, уымæн æмæ ивылдысты дзыллæты рыст зæрдæтæй, калдысты уыдоны æнкъард æмæ тызмæг цæстытæй.

Уыдæттæй æнæхай нæ фестын Суаргом æмæ уый къæсæрыл цы ирон хъæутæ—Майрæмадаг æмæ Хæтæлдон æрыцадысты, уыдон дæр. Сæдæгай æфсæддонтæ, зæронд лæгтæ æмæ сылгоймæгтæн, æнахъом сабитæн сæ цард аскъуыд ацы ран. Майрæмададжы ма æнæхъæнæй баззад æрмæст нунæр хæдзар. Цавæр фарн æм каст, цы зæд, цы хуыцау ыл аудыдтой? Уый зын бамбарæн æмæ зын зæгъæн у.

Фæлæ бæлвырд у ну хъуыддаг: ирон адæм æмæ Хæххон хуымтæ, уыгæрдæнтæ æмæ сæрвæтты сæрмæ арвыл алырдæм ленк кæныны урс æвпрæгътæ. Саумæрæй хæрдмæ сраемыгътой зымæгон мæнæу æмæ таугæ кæрдæджыты сыгъдæг æвзартæ, Цыбыр дзырдæй, уалдзæг райдыдта тæмæнтæ калын. Парахатæй сулæфыд зæхх, æмæ æмвæтæнæгæй базмæлыдысты йæ тугдадзинтæ.

дзы нæй ирон хæстон лæппуты нигæнтæ дæр... Афæдзы разæмæ ма уыдоныл ноджыдæр бафтыд ну — Цомайты Валентины нигæн. Уыдис денджызон хæстон. Знаджы ныхмæ хæцыдис ам. Иæ царды фæстаг бонтæ арвыста нæ республикæйы сæйраг сахары. Иæ амæлæты хæдразмæ йæ бионтæ æмæ сæ-дæртæн бафæдзæхста: «Баныгæнут мæ-ну Майрæмададжы хæстон музейы кæрты...» Æмæ йæ баныгæнынц. Ам ис Иæ бюст, Иæ фототæ, Иæ кусæн хъомыс. Ам ис Иæ ном. Ам ис Иæ хъуыдытæ. Ам ис Иæ зæрдæ.

Фæлæ цалдæр азы размæ Хъайырты Тамарæ æмæ Кцойты Дгейыл æрыцыад цыдæр тыхстдзинад. Æнцон сæ нал уагъта ну хъуыды: «Хæсты чи бабын, уыдонæн бирæ хъæуты сæвæрдтой цыртдзæвæнтæ... Ау, æмæ Хæтæлдоны цæрджытæн афтæ бакæныи сæ бон нæу?» Чысыл хъæуæн стыр цыртдзæвæн сæвæрыи æнцон кæм уыдис. Хъуыдис æрмæст æмæ æхца. Фæлæ Тамарæ æмæ Дге æрдæг фæндагыл Гацыр, Мурат, Сæнип, Батырбег, Хадзымурат, Зурапп æмæ Сослæнбеджы цæмттæ. Сæ фыд Джетæйы кæддæры нæргæ æмæ стыр хæдзары къонайыл ныккалд хæсты ихджын дон. Петр, Чермен, Газакк æмæ Солтан... Кцойты лæппутæ... Уыдонæй дæр ничиуал сулæфыд Ирыстоны уæлдæфæй. Кцойты Гатæгъæз сафтид йæ дыууæ фыртæй, Кцойты Тасолтан йæ æртæ фыртæй. Æрмæст Кцойты Дзыбылтæ Хъайырты Тамарæ æмæ Дге æрдæг фæндагыл Гацыр, Мурат, Сæнип, Батырбег, Хадзымурат, Зурапп æмæ Сослæнбеджы цæмттæ. Сæ фыд Джетæйы кæддæры нæргæ æмæ стыр хæдзары къонайыл ныккалд хæсты ихджын дон. Петр, Чермен, Газакк æмæ Солтан... Кцойты лæппутæ... Уыдонæй дæр ничиуал сулæфыд Ирыстоны уæлдæфæй. Кцойты Гатæгъæз сафтид йæ дыууæ фыртæй, Кцойты Тасолтан йæ æртæ фыртæй. Æрмæст Кцойты Дзыбылтæ

ТУГÆЙ КОНД ЦЫРТДЗÆВÆН

ЗАРÆДЖЫ БÆРÆГБОН

Ивгъуыд хуыцаубоны нæ республикæйы сæйраг горæты ацыд «Зарæджы республикон бæрæгбон». Нысангонд уыд Уæлахизы 45 азы бонмæ. Архайдтой дзы Орджоникидзейы 16-æм, 25-æм æмæ 26-æм астæуккаг скъолаты, Бесланы, Елхоты æмæ Октябрьхъæуы сывæллæтты. Хæххон хъæууонхæдзарадон институты ахуыргæнджыты, бæлццæттæласæн куыстуаты зарæггæнджыты къорд «Бæлццон», станицæ Терскайы хъазахъхъæрты зарæггæнджыты къорд, Æрыдоны Культурæйы хæдзары адæмон зарæггæнджыты къорд æмæ хъазахъхъæрты адæмон зарæггæнджыты къорд, Хетæгкаты Къостайы номыл Культурæйы хæдзары инструменталон ансамбль, Алагиры сопротивленты заводы вокалон къорд, Сунжæйы хъæууон Культурæйы хæдзары вокалон ансамбль «Цин», бердзенаг вокалон-инструменталон ансамбль, Цæгат Кавказы хæххон металлургон институты ахуыргæнджыты зарæггæнджыты къорд, Адæмæн лæггæдтæгæнæг министрады ветеранты, 1-æм педагогон училищейы, 2-æм музыкалон-педагогон училищейы нумæйаг зарæггæнджыты къорд, Мызуры Культурæйы хæдзары вокалон ансамбль «Тын», республикон наукон-методикон центры зарæггæнджыты къорд æмæ нинæтæ.

Коллективтæ сæ аивад æвдыстой горæты алы рæтты — сывæллæтты зарæггæнджыты къордтæ зарыдысты Жуковскийы номыл парчы, хистæртæ та — Ленины фæзы, Хæххон хъæууонхæдзара д о н институты цур, М. Горькийы уынджы, Штыбы фæзы, Сабырдзинады проспекты.

Хетæгкаты Къостайы номыл культурæ æмæ фæлладуадзæн парчы ирыстойнаг аивадуарзджытæ бакастысты горæт Дигорайы хæсты æмæ фæллойы ветераны хъæбатыртыл зарæггæнджытæ, Хуыманты даҳуыр артисттæ акодтой «Чепена»-йы, «Цола»-йы, «Сатана»-йы зарджытæ, Къостайы, Иссæйы зарджытæ æмæ хъæлдзæг куплеттæ азарыд Хæдзарæгаты Дарья, Фидараты Розæ æмæ Туаты Юрий — «Чи дæ куры хъазахъхъар?», Зæнджиаты Юрий — «Къарджиаты фаллæттæ зарæг», Басаты Алихан — «Гагкайты Алиханы зарæг». Фæндырæй ацагъта Кокказты Хазби. Зæгъын ма хъæуы уый дæр, æмæ аивадуарзджытæ тыхджын къухæмдзæгъдимæ сæмбæлдысты 110 адæймаджы. Хуымантæ

Мæ уырæгæн зæхи.
Фæндаг дæм ссарин,
Дæлдзæхæй, мæ райгуырæн Нр!

ДЗЫРДБЫД

Фæрсырдæм: 2. Хæцæнгарзы хуыз. 5. Хæсты ветеран Плиты Грисы комеди «Хæррæгъ»-ы архайæг. 6. Мидхæсты хъæбатыр. 7. Мамсыраты Дæбейы радзырд «Цыт»-ы архайæг. 8. Дæргъы бæрц. 10. Тæхæг аппарат. 14. Рагон хæцæнгарз. 16. Хæдтæхджытæ цалцæггæнæн бынат. 17. Уырыссаг советон фыссæг æмæ æхсæнадон архайæг. 18. Кæрæдзийы æмбарыны фæраз. 20. Советон конструктор, танктæ æрхъуыдыгæнæг. 22. Хæлæн æрмæджы схъиг. 24. Аивады хуыз. 25. Ирон адæмы каддæйы хъæбул. 26. Ирон фыссæг, хæсты ветераны ном. 27. Советон режиссер, киноныв «Тегеран-43» сæвæрæг. 28. Ирон революцион организаци.

Бынмæ: 1. Горæт-хъæбатыр. 2. Æфсæддон цион. 3. Нигеры æмдзæвгæ. 4. Хъамайы, æхсаргарды хайæг. 9. «Æрыгон гвардиа»-йы разамонджытæй ну. 11. Æрх, адаг. 12. Хæстон машинæ скъæрæг. 13. Советон хæстон раздзæуæг, Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр. 15. Хæлæн æрмæг, гилдзы хай. 16. Сфæлдыстады хуызты нумæйаг ном. 19. Ирыстоны хъæбул, Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. 21. Ирон суар. 22. Æвзонг партизан, Советон Цæдисы Хъæбатыр. 23. Химион элемент, згъæр.

Сарæзта йæ БАДРИАТЫ Никъала.



Дзуапптæ 5 майы мыхуыргонд дзырдбыдæн.

Фæрсырдæм: 7. Адмирал. 8. Фæсобау. 9. Тæраз. 10. Фидар. 12. Уран. 14. Нæзы. 15. Багалæг. 17. Сæкæр. 18. Далыс. 19. Кæлмæрзæн. 22. Артек: 24. Богал. 26. Тъахтин. 28. Асæх. 30. Быру. 31. Хæмыц. 32. Хъуаз. 33. Арсæмæг. 34. Анатоми.

Бынмæ: 1. «Залдуз». 2. Пирæн. 3. Маламар. 4. 4. Фæсивæд. 5. Гобан. 6. Гуыдыр. 9. Тауæн: 11: Рæхыс. 13. Сагъадахъ. 15. Бæрæчет. 16. Галæгон. 20. Æртæх. 21. Бабыз. 23. Къуымæл. 24. Битъына. 25. Майдан. 27. Пушкин. 29. Хæ-, рæг: 30: Барто.

Уыдæттæй æнæхай нæ фести Суаргом æмæ уый къæсæрыл цы ирон хъæутæ — Майрæмадаг æмæ Хæтæлдон æрынцадысты, уыдон дæр. Сæдæгай æфсæддонтæ, зæронд лæгтæ æмæ сылгоймæгтæн, æнахъом сабитæн сæ цард аскъуыд ацы ран. Майрæмададжы ма æнæхъæн æй баззад æрмæст нунæр хæдзар. Цавæр фарн æм каст, цы зæд, цы хуыцау ыл аудыдтой? Уый зын бамбарæн æмæ зын зæгъæн у.

Фæлæ бæлвырд у ну хъуыддаг: ирон хъæу ныффалгæрон æмæ æртхутæг фестад хæсты цæхæры. Суаргомы къæсæрыл æндон мæцъистау æрлæууыдысты сыбираг гæрзифтонг læппутæ æмæ Бакуйы æфсæддон-денджызон скъолайы ахуыргæнинæгтæ. Æрлæууыдысты æмæ знаджы фæндаг æрæхгæдтой Арвыкоммæ, Фæскавказмæ. Сæ цард æмæ сæ хъæбатырдзинадæй, Фыдыбæстæйы кад, цыт æмæ сæрибардзинадыл сæ нуазæрдиондзинздæй, Бирæтæн дзы нал бантыст сæ райгуырæн хæдзарттæм аздæхын. Сæ цæстыты рухс æрхуыссыд ам, ирон хъæуы уынгты æмæ кулдуæртты раз... Хъæугæрон ма баззадысты сæ æнусон цыртытæ. Авдыссæдз цырты... Уый æрмæст Майрæмададжы фале, Суаргомæ бахизæны бæрзонд обзуыл. Хъæуæн йæ астæу, Гæлæбаты кæддæры цæхæрадоны та дыууæ дæргъвæтин рæнхъы, сау мраморæй æмбæрзт ингæнты æнусмæ бафынæй сты нæ бæстæйы алы адæмты минæвæрттæ: уырыссæгтæ æмæ украинæгтæ, сомихæгтæ æмæ гуырдзиæгтæ, азербайджайнæгтæ æмæ тæтæйраегтæ, белоруссæгтæ æмæ... Чысыл дзы нæй ирон хæстон læппуты ингæнтæ дæр... Афæдзы размæ ма уыдоныл ноджыдæр бафтыд ну — Цомайты Валентины ингæн. Уыдис денджызон хæстон. Знаджы ныхмæ хæцыдис ам. Йæ царды фæстаг бонтæ арвыста нæ республикæйы сæйраг сахары. Йæ амæлæты хæдразмæ йæ бинонтæ æмæ сæ-лæрттæн бафæдзæхста: «Баныгæнут мæ-ну Майрæмададжы хæстон музейы кæрты...» Æмæ йæ баныгæдтой йæ хæстон æмбæлттыфарсмæ...

Ирыстоны хъæутæй ахæм музей æндæр никуы нс. Æмæ йæ цыдæр хицæн уарзтæй уарзынц хъæуы цæрджытæ — хистæрæй кæстæрмæ. Арæх æм цæуынц скъоладзаутæ æмæ йæ дарынц хæрз æфснайдæй. Рæстæгæйрæстæгмæ ингæнтыл сæвæрынц дидинджытæ. Сæ зæрдыл дарынц, чистæр фæлтæр дзы кæй баныгæдтой, уыдоны рухс нæмттæ...

Ардыгæй дард нæу нинæ ирон хъæу Хæтæлдон дæр. Хæсты размæ ам уыд æдæппæт сæдæ дыууын хæдзары бæрц. Æмæ дзы ну дæр ахæм нæ уыд, ныййарджытæ дзы тохы быдырмæ сæ хъæбулты кæцæй нæ афæндараст кодтой. Раздæр æнхъæл уыдысты: хæст куы фæуа, уæд фæстæмæ сыздæхдзысты сæ фæрныг кънатæм æмæ сын цæрд ацайдагъ уыдзæнис. Фæлæ дзы нал сыздæхтис цыппар æмæ цыппарыссæдз адæймаджы. Фæтæнæг æмæ фæсидзæрхуыз хъæу. Чысылгай-чысылгай адæмæй рох кæныл райдыдтой, сæ хъæуы гуыппырсар фæсивæдæй хæст сæ рæзгæ удтæ кæмæн сыскъуыдта, уыдоны нæмттæ.

Фæлæ цалдæр азы размæ Хъайыры Тамарæ æмæ Кцойты Дгейыл æрынцад цыдæр тыхстдзинад. Æнцой сæ нал уагъта ну хъуыды: «Хæсты чи бабын, уыдонæн бирæ хъæуты сæвæрдтой цыртдзæвæнтæ... Ау, æмæ Хæтæлдоны цæрджытæн афтæ бакæнын сæ бон нæу?» Чысыл хъæуæн стыр цыртдзæвæн сæвæрын æнцон кæм уыдис. Хъуыдис æрмæг æмæ æхца. Фæлæ Тамарæ æмæ Дге æрдæг фæндагыл нæ ныллæууыдысты. Ныуагътой сæ хæдзары хъуыддæгтæ æмæ кæм кураегтаг дзæнхъа дуртæ æмæ бетонæй, кæм та сæхи хъарутæй тырныдтой сæ фæнд сæххæст кæнынмæ. Сæ фарс æрбалæууыдысты æгас хъæубæстæ æмæ æрæмбырд кодтой æхца. Цыртдзæвæн сæвæрынæн хъæуы сæрмæ æвнахс равзæрстой ну обзу. Ныссыгъдæг æй кодтой. Æфсæйнаг цæджындзæ æмæ præхыстæй йын йæ алыварс æрæхгæдтой. Обаумæ сæхи систой præсугъд дзæнхъа дурæй асинты къæпхæнтæ. Стæй обауыл фæзынд барæг, хæстон бирæг. Гæрзифтонгæй мæнæ-мæнæ тохы цæхæрмæ абырсынмæ цæттæ чи у, ахæм ныфсхаст æмæ тызмæг цæстæнгас барæг... Цы сау дзæнхъа дурыл лæууы, уый къултыл фыст æрцыдысты хæсты быдыры хъæубæсты зынгхуыст хъæбулты мыггæгтæ æмæ нæмттæ.

Уыдонæй сæ номдзыддæр у Советон Цæдисы Хъæбатыр дæлбулкъон Кцойты Налыхъы фырт Петя. Уæлахизы хуры тыптæ йыл батар сты 1945 азы 8-æм майы Берлины... Хицæнæй фыст сты Хестанты æфсымæртæ Гацыр, Мурат, Сæнип, Батырбег, Хадзымурат, Зурапп æмæ Сослæнбеджы нæмттæ. Сæ фыд Джетæйы кæддæры нæргæ æмæ стыр хæдзары къонайыл ныккалд хæсты ихджын дон. Петр, Чермен, Газаик æмæ Солтан... Кцойты лæппутæ... Уыдонæй дæр ничъиуал сулæфыд Ирыстоны уæлдæфæй. Кцойты Гатæгъаз сафтид йæ дыууæ фыртæй, Кцойты Тасолтан йæ æртæ фыртæй. Æрмæст Кцойты мыггагæй хæсты быдыры баззад дыууадæс æмæ ссæдз цардхъуаг адæймаджы...

Гъе æмæ уыдоны номыл æвæрд æрцыд ацы цыртдзæвæн Хæтæлдоны хъæугæрон бæрзонд обауыл. Уыдоны тугдзæнтæ ахъардтой уыцы барæджы æмæ размæ агæпп кæныны æвзонг бæхы уазал нуæртты. Уыдоны хъæрзын нæм хъуысы бæхы цæфхæдты бынæй. Къæвда бон уыдоны цæссыг згъæлы йæ барцæй.

Фæлæ уыцы къæвда рæстæг куы ахицæн, уыл сæххæст фондз æмæ дыууиссæдз азы. Уæдæй нырмæ бирæ цæмæйдæрты фендæрхуызон нс хъæубæсты цард. Афтæ зæгъæн нæй, æмæ ницы хъуагсты, ницæмæй тыхсынц. Фæлæ хъæу цы зæххыл лæууы, йæ алыварс цы къуылдымтæ, быдыртæ æмæ атагъатæ нс, уым сæ рагон æмæ ног къахвæндæгтыл цæуынц хæтæлдойнæгтæ. Сæ зæ- æмæ сæ зæрдæты нс нунæг бæллиц: æдзухдæр сæ сæрмæ цъæх-цъæхид дарæд арв æмæ сæ къæхты бын хотыхты нæрдæй макуыуал нырризæд сæ уарзон зæхх...

ЦЫРЫХАТЫ Михал.

ХЕТÆГКАТЫ КЪОСТАЙЫ НОМЫЛ ПРЕМИЙЫ ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы МИНИСТРТЫ СОВЕТЫ КЪАМИСÆЙ

Хетæгкаты Къостайы номыл премийы Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы Къамисы 1988 æмæ 1989 азты куыстытæ Хетæгкаты Къостайы номыл премимæ бавдисынмæ. Æркæсынмæ ист цæуынц, национ аивадон культурæмæ ахсджиаг æвæрæн чи бахаста, хæрзхъæддзинадæй, ногдзинадæй, хæдбындурдзинадæй чи хицæн кæны, æмæ væрæх æхсæнад хорз аргъ кæмæн скодта, литературæйы, аивады æмæ архитектурæйы уыцы куыстытæ.

Премi райсынмæ 1988 æмæ 1989 азты æххæстгонд æмæ æвдыст куыстытæ бавдисын сæ бон у паддзахадон, сфæлдыстадон æмæ æхсæнадон организацитæн, стæй фæллойгæнджыты коллективтæн.

Куыстытæ ист цæуынц 1990 азы 1 июны онг. Премi райсынмæ баст фаретатæ базонæн ис Хетæгкаты Къостайы номыл премийы Къамисы ахæм адрисыл: горæт Орджоникидзе, Советты Хæдзар, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Совет, Хетæгкаты Къостайы номыл премийы Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы Къамис.

Коллективтæ сæ аивад æвдыстой горæты алы рæтты — сывæллæтты зарæггæнджыты къордтæ зарыдысты Жуковскийы номыл парчы, хистæртæ та — Ленины фæзы, Хæххон хъæууонхæдзара д о н институты цур, М. Горькийы уынджы, Штыбы фæзы, Сабырдинады проспекты.

Хетæгкаты Къостайы номыл культурæ æмæ фæлладуадзæн парчы ирыстойнаг аивадуарзджытæ бакастысты горæт Дигорайы хæсты æмæ фæллойы ветераны хъæбатыртыл зарæггæнджыты къорды архайджытæм. Уыдон азарыдысты зарджытæ В. И. Лениныл, Гасанты æфсымæртыл. Сæ фæстæ рахызтысты «Æрхонкæйы станицæ» йы адæмон зарæггæнджыты (йæ аивадон разамонæг Цæгат Ирыстоны АССР-йы культурæйы сгуыхт кусæг Калоты Георгий) æмæ Джызаелы Культурæйы хæдзары адæмон кæфтыты æмæ зарджыты зарæггæнджыты къордтæ. Джызаелæгтæ акодтой цалдæр зарæджы. Адæм æхсызгонæй байхъуыстой хæдзарадзыр композитор Моргуаты Эльбрусы зарджытæм.

Дардыл хъуыстгонд у Хетæгкаты Къостайы номыл Культурæйы хæдзар (йæ директор Бутаты Юрий) фольклорон ансамбль «Хъуыбады». Ныр ын цалдæр азы арæхстджын разамынд дæттынц Кокkаты Хазби (аивадон разамонæг) æмæ хормейстер Цæгат Ирыстоны АССР-йы культурæйы сгуыхт кусæг Абайты Барис.

«Хъуыбады»-йы хæдзарадзыр артисттæ акодтой «Чепена»-йы, «Цолая»-йы, «Сатана»-йы зарджытæ, Къостайы, Иссæйы зарджытæ æмæ хъæлдзæг куплеттæ азарыд Хæдзарæгаты Дарья, Фидараты Розæ æмæ Туаты Юрий — «Чи дæ куры хъазахъхъар?», Зæнджиаты Юрий — «Къардзинаты фаззæтты зарæг», Басаты Алихан — «Гаггайты Алиханы зарæг», Фæндырæй ацагъта Кокkаты Хазби. Зæгъын ма хъæуы уый дæр, æмæ аивадуарæджытæ тыхджын къухæмдзæгдимæ сæмбæлдысты 110 аздыд Хуызмнаты Хъауырбегыл — «Хъуыбадыйы зарæгмæ рог кафтыл.

Фольклорон ансамбль «Хъуыбады»-йы тыххæй, йæ дарддæры пъланты тыххæй цыбырæй радзырдта йæ аивадон разамонæг Кокkаты Хазби:

— Бирæ ивддзинæдтæ æрцыд ансамблы. Ирæ нæ цæуæ акодтой, æндæртæ та махмæ æрбацыд. Нæ программæ дæр зынгæ фæногдæр. Бахастам ам, адæмæй чи айрох, ахæм заронд кæфтытæ æмæ мелодитæ. Уыдон сты: «Чепена», «Цолайы зарæг», «Сатанайы зарæг», хъазахъхъар зарæджы бындурыл æрæзт зарæг «Чи дæ куры хъазахъхъар?», «Алардыйы зарæг», «Онай», «Алайы зарæг», «Нымæт æууердджыты зарæг», сценæмæ рахастам ирон чындзæхсæвы чындзыл дзаумæттæ кæнынцы æгъдау æмæ æндæртæ. Се 'ппæтыл дæр кусæм зæрдиагæй.

ЦОМАЙТЫ Ростислав.

Редактор ХЪЕСАТЫ В.

Хуссар Ирыстоны спортуарзджытæ стыр хъыг кæнынц, дунейы цалдæр хатты чемпион, Ирыстоны уарзон хъæбул

ХÆДАРЦАТЫ Аслан

æвирхъауæй кæй фæмард, уый тыххæй æмæ тæфæрфæс кæнынц йæ бинонтæн.

362015 — ЦИАССР, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98. «Мыхуыры хæдзар»

Телефонтæ:

- Редактор — 5-46-36, 5-45-27.
- Ред. хæдивджытæ — 5-55-89, 5-35-87
- Бæрнон секретарь — 5-44-37.
- Бæрнон сек. хæдивджытæ — 5-46-39.

ХАЙÆДТÆ:

- Партион-идеологон куыст 5-45-36, 5-35-88.
- Советон куыст æмæ барад — 5-44-19, 5-35-88.
- Индустрион-экономикон — 5-45-31.
- Агропромышленнон — 5-37-97, 5-45-16.
- Культурæ, ахуырад, паукæ — 5-53-74, 5-44-33.
- Спорт, информацп — 5-35-92, 5-53-72.
- Писмоты, социалон рæзт — 5-44-57 5-63-19.
- Къамисæг, нывгæнæг — 5-56-50.
- Тæлмацгæнæг — 5-63-19.
- Корректортæ — 5-67-03.
- Изæрон редакцп — 5-35-71.
- Бухгалтери — 5-36-68.

Газет цæуы афæдз 250 хатты, къуыри та — фондз хатты. Индекс — 53901, 1

ЕИ 01229. Бæрзонд мыхуыр. 1,86 мыхуыроп сыфы. Тираж — 23.500 Заказ № 260.

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы рауагъдады типографи, 362015, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98.